**муниципальное бюджетное общеобразовательное учреждение**
**средняя общеобразовательная школа № 31**

Утверждено на заседании МО
учителей осетинского языка
и литературы
Чараева Т.Ц.
от 28.08. 2023 протокол № 1

Утверждаю
Директор МБОУ СОШ № 31
З.А.Варзиева
28.08.2023 протокол № 1

# РАБОЧАЯ ПРОГРАММА по осетинскому языку

для учащихся 6-х классов по УПМ «Ирон æвзаг»
автор – Кокаева Л.Х.
(2023-2024 учебный год)

2023-2024 г.

# ИРОН ÆВЗАДЖЫ АХУЫРАДОН ПРОГРАММÆ 5–11-ÆМ КЪЛÆСТÆН

## Æмбарынгæнæн фыстæг

Ахуырадон предмет «Ирон æвзаг»-ы кусæн программæ (5 – 11 къл.) арæзт у ахæм бындурæвæрæг документтæм гæсгæ:

• Федеральный закон от 29.12.2012 N 273-ФЗ «Об образовании в Российской Федерации» (ред. от 29.12.2017);

• Федеральный государственный образовательный стандарт основного общего образования (в ред. Приказа Минобрнауки РФ от 31.12.2015 № 1577);

• Федеральный государственный образовательный стандарт среднего общего образования (в ред. Приказа Минобрнауки РФ от 31.12.2015 № 1578);

• Ирон æвзаджы программæ 1 – 11 кълæстæн (ныффидар æй кодта Цæгат Ирыстон – Аланийы Ахуырад æмæ наукæйы министрад 2017 азы).

Цæгат Ирыстоны-Аланийы ис дыууæ паддзахадон æвзаджы: ирон æмæ уырыссаг. Ирон æвзагæй адæм пайда кæнынц се ’рвылбоны царды æмæ æхсæнадон-политикон, барадон, наукон, культурон архайды, ахуырад æмæ аивадон-дзырдон сфæлдыстады. Уый у æвзагон/ныхасон æрмæг хъахъхъæныны æмæ йæ иу фæлтæрæй иннæмæ дæттыны сæйраг фæрæзтæй иу.

Ирон æвзаджы лексикон-грамматикон, стилистикон фæрæзтæ сты хъæздыг, йæ аивадон-нывгæнæн мадзæлттæ – бирæ æмæ ахадгæ. Уымæ гæсгæ æвзагæн йæ бон у царды домæнтæн дзуапп дæттын, йæ размæ æвæрд хæстæ æнæкъуылымпыйæ æххæст кæнын. Йæ ахуыр кæнын ахъаз у уырыссаг æмæ æндæр æвзæгтæ хуыздæр æмæ æнцондæрæй базонынæн дæр.

Ахуырадон предмет «Ирон æвзаг» скъоладзаутæн зонындзинæдтæ дæтты мадæлон æвзаджы тыххæй, амоны, æвзагæй алыхуызон уавæрты куыд пайда кæнын хъæуы æмæ йæ кæцы хæйттæй, уый; скъоладзау ахуыр кæны ирон культурæйы удварнон хъæздыгдзинад æмæ литературæ, æмзонд у йæ адæмимæ, стæй хайджын кæны æппæт адæмты культурон-историон фæлтæрддзинадæй.

Предмет «Ирон æвзаг» ахуыр кæныны сæйраг ***нысæнттæ*** сты:

1) ирон (мадæлон) æвзагмæ æмбæлгæ ахаст хъомыл кæнын, куыд культурæйы вазыгджын фæзынд æй æмбарын кæнын;

2) удварнон-эстетикон хæзна кæй у, уый æмбарын кæнын;

3) мадæлон æвзаг ныхас кæныны æмæ ахуырадон архайды сæйраг фæрæзтæй иу, адæймаджы архайды бæлвырд къабæзты зонындзинæдтæ райсыны мадзал, æхсæнады фидаргонд этикон нормæтæ базоныны амал кæй у, уый æмбарын кæнын;

4) вазыгджындæр иумæйагахуырадон арæхстдзинæдтæ æмæ универсалон ахуырадон архæйдтытæ (архайды нысан амонын, фæтк ын æвæрын, библиографион агуырд кæнын, алыхуызон æвзагзонынадон дзырдуæтты æмæ æндæр æвзæрæнты хъæугæ информаци арын, уыимæ дзыллон хабархæссæг фæрæзтæй æмæ Интернетæй, тексты мидисыл кусын) базонын кæнын;

5) æвзаджы системæйы арæзты тыххæй æмæ, куыд кусы, уый тыххæй, ирон литературон æвзаджы стилистикон фæрæзтæ æмæ сæйраг нормæты тыххæй зонындзинæдтæ райсын; æвзагон фæзындтæ уынын, иртасын, кæрæдзиуыл сæ барын, классификаци сын кæнын æмæ сын аргъ дæттыны ахуырадон æмæ æндæр арæхстдзинæдтæ рæзын кæнын;

6) дзургæ æмæ фысгæ ныхасы культурæ, ныхас кæнынимæ баст архайды хуызтæй, æвзаджы фæрæзтæй алыхуызон уавæрты пайда кæныны æгъдæуттæ, ныхасы этикеты нормæтæ базонын; активон дзырдуат хъæздыг кæнын;

7) зонындзинæдтæ æмæ арæхстдзинæдтæй практикон хуызы пайда кæнынил ахуыр кæнын.

### Ахурадон предметы иумæйаг характеристикæ

Ирон æвзаг скъолайы ахуыр кæныны сæрмагонд нысæнттæ сты: скъоладзаутæм *коммуникативон, æвзагон, лингвистикон* æмæ *культурæзонæн* компетенцитæ рæзын кæнын.

*Коммуникативон компетенци* нысан кæны мадæлон æвзагæй ныхасы алыхуызон уавæрты, ныхасы темæ æмæ нысæнттæм гæсгæ пайда кæнынмæ арæхсын; дзургæ æмæ фысгæ ныхасы культурæйы бындуртæ зонын; скъоладзау цы кары ис, ахуыры алы къæпхæнты (5 – 7, 8 – 9, 10 – 11 къласты) йæ фæлтæрддзинад æмæ психологион миниуджытæ цавæр сты, уымæ гæсгæ ныхас кæнынмæ арæхсын.

*Æвзагон компетенци* у:

*зонын:*

- мадæлон æвзаг куыд нысанон системæ æмæ æхсæнадон фæзынд;
- æвзагæн йæ арæзт;
- æвзаг куыд рæзы æмæ дзы куыд пайдагæнæн ис;
- ирон литературон æвзаджы сæйраг нормæтæ;
- фаг дзырдуатон æрмæг;

*пайда кæнынмæ арæхсын:*

- ирон литературон æвзаджы сæйраг нормæтæй;
- æвзаг æмæ ныхасы аивгæнæн мадзæлттæй;
- алыхуызон лингвистикон дзырдуæттæй.

*Лингвистикон компетенцимæ* хауынц скъоладзауты зонындзинæдтæ наукæ «Ирон æвзаг»-æй, йæ хæйттæ æмæ æвзаг наукон æгъдауæй ахуыр кæныны нысæнттæ, стæй, ирон æвзаджы фæрстытæ цы ахуыргæндтæ иртæстой, уыдоны тыххæй æрмæг зонын.

*Культурæзонæн компетенци* баст у, æвзаг националон культурæйы тыххæй дзурыны формæ кæй у, уый æмбарынадимæ, адæмы æвзаг æмæ истори баст кæй сты, ирон æвзагæн националон-культурон æууæлтæ кæй ис; ирон ныхасы этикеты нормæтæ зонынимæ.

Ахуырады сæйраг иумæйаг хæстæ æмбæлгæ хуызы æххæст кæнæн ис, æвзаг æмæ ныхас тынг хорз зонгæйæ. Коммуникативон æмæ культурæзонæн компетенцитыл фылдæр ахуыр кæнынц ныхасы рæзтыл кусгæйæ, лингвистикон компетенци та рæзы, æвзаджы системæ ахуыр кæнгæйæ.

Ирон æвзаджы программæйы æнгом баст сты йæ дыууæ структурон хайы: «Æвзаджы системæ» æмæ «Ныхасы рæзт» – ныхасы культурæ рæзы, æвзаджы системæ, йе 'гъдæуттæ ахуыр кæнгæйæ; æвзаджы системæ та æмбæрстгонд цæуы ирон ныхасы хуызæгты (алыхуызон текстты) бындурыл.

Амынд нысæнттæ къухы бафтыны тыххæй æххæст кæнын хъæуы ахæм ***хæстæ***:

- скъоладзаутæн базонын кæнын, æвзагыл æхсæнады царды цы хæстæ æвæрд ис, цавæр бынат ахсы ирон адæмы царды, цæмæй хъæздыг у, цавæр сты йæ аивгæнæн мадзæлттæ; бæлвырд зонындзинæдтæ раттын ирон литературон æвзаджы фонетикæ, графикæ, орфоэпи, орфографи, лексикæ, морфемикæ, дзырдарæзт, морфологи, синтаксис, пунктуаци æмæ стилистикæйæ, стæй, райст зонындзинæдтæй практикон архайды куыд пайдагæнæн ис, уый тыххæй;
- скъоладзауты ныхас рæзын кæнын: хъæздыг сын кæнын сæ активон æмæ пассивон дзырдуат, раст аразын сæ ныхасы грамматикон сконд; архайын, цæмæй базоной литературон æвзаджы нормæтæ, зоной æмæ арæхсой алыхуызон коммуникативон уавæрты дзургæ æмæ фысгæ ныхасæй раст æмæ уæгъдибарæй пайда кæнын;
- амонын æмæ хуыздæр кæнын орфографион æмæ пунктуацион арæхстдзинæдтæ æмæ фæлтæрддзинæдтæ;
- хи ныхасы арæзтмæ хъус дарын;

- ахуырадон æмæ наукон литературæимæ кусын, алыхуызон дзырдуæттæй æмæ æндæр æххуысгæнæг литературæйæ, уыимæ дзыллон хабархæссæг фæрæзтæ æмæ Интернетæй хъæугæ æрмæг исын.

### Ирон æвзаджы программæ базоныны удгоймагон, метапредметон, предметон фæстиуджытæ

***Удгоймагон фæстиуджытæ:***

1) ирон æвзаг ирон адæмы сæйраг национ-культурон хæзнатæй иу кæй у, уый æмбарын; мадæлон æвзаджы ахсджиаг бынат адæймаджы интеллектуалон, сфæлдыстадон æмæ удварнон рæзты уынын;

2) ирон æвзааг эстетикон хæзна кæй у, уый æмбарын; мадæлон æвзагæн аргъ кæнын зонын, сæрыстыр дзы уæвын; ирон æвзаджы сыгъдæгдзинад куыд националон культурæйы фæзынд æмбарын æмæ йæ хъахъхъæнынил архайын; хи ныхасы культурæ бæрзонд кæнынмæ тырнын;

3) дзырдуат хъæздыг кæнын грамматикон фæрæзтæ зонын, хъуыдытæ æмæ æнкъарæнтæ раст æмæ уæгъдибарæй æвдисынмæ арæхсын; хи ныхасæн раст аргъ кæнын.

***Метапредметон фæстиуджытæ*** (скъоладзаутæ сæйраг иумæйаг программæ куыд базонынц, уый æвдисæнтæ):

1) ныхасон архайды æппæт хуызтæ зонын:

*хъусын æмæ кæсын:*

- тексты темæ æмæ йæ сæйраг хъуыды, стиль бæрæг кæнын;
- кæсыны алы хуызтæ зонын (агурын, æркæсын, зонгæ кæнын) æмæ сæ алыхуызон стильтæ æмæ жанрты текстты пайда кæнын;
- тексты хъæугæ хъусынгæнинаг агурын;
- цалдæр текстæн сæ хуыз æмæ сæ мидис абарын;
- алыхуызон фæрæзтæй (уыимæ дзыллон хабархæссæг фæрæзтæй, компакт-дисктæй, Интернеты фæрæзтæй) хъæугæ æрмæг исынмæ арæхсын;
- дзырдуæтты алы хуызтæй, æххуысгæнæг литературæйæ (уыимæ электронон хæсджытыл дæр) уæгъдибарæй пайда кæнын;
- бæлвырд темæйæ æрмæг æмбырд кæнын æмæ йæ систематизаци кæнын зонын; хи хъаруйæ хъусынгæнинаг агурын; кæсгæ æмæ хъусгæйæ цы æрмæг базыдтой, уый ивын, æвæрын æмæ хъусын кæнын;
- ныхасон зæгъдтытæ сæ мидисмæ гæсгæ æрæмных кæнын æмæ абарынмæ арæхсын, сæ стилистикон хицæндзинæдтæ æмæ æвзагон фæрæзты æвзарын;
- ныхасы хуыз иртасын æмæ ивын зонын;
- текстмæ байхъусын кæнæ йæ бакæсыны фæстæ йыл бакусынмæ арæхсын (пълан, хи ныхæстæй дзурын, конспект, аннотаци);
- тексты сæйраг æмæ фæрссаг хъусынгæнинаг иртасын; тексты темæ æмæ идейæ бæрæг кæнын;
- текстмæ байхъусыны кæнæ йæ бакæсыны фæстæ йæ бындурыл ныхас аразын, диалогты архайын, хи фиппаинæгтæ дзургæйæ æмæ æнкъарæнтæ æвдисгæйæ;
- нывтæм гæсгæ диалогтæ хъуыды кæнын;
- диалоджы архайынмæ æмæ йæ аразынмæ арæхсын;
- текстæн лексикон-грамматикон æмæ стилистикон раиртæст кæнын;
- алы хуызты фысгæ æмæ дзургæ тeксттæ, ныхасы стильтæ æмæ жанртæ аразынмæ арæхстдзинад æвдисын, кæрæдзиимæ ныхас кæныны уавæр, йæ нысан æмæ адресат хынцгæйæ;
- хи хъуыдытæ дзургæ æмæ фысгæ формæйы раст, уæгъдибарæй дзурынмæ арæхстдзинад æвдисын, текст аразыны нормæтæ æххæст кæнын (логикондзинад, ны-

хасы хæйтты кæрæдзи фæдыл раст æвæрд, сæ бастдзинад, темæйæн дзуапп дæттын), æцæгдзинады хабæрттæ æмæ фæзындтæм раст ахаст æвдисын;

- монолоджы (таурæгъ, æрфыст, тæрхæттæ; монолоджы алы хуызты бастдзинæдтæ) æмæ диалоджы алы хуызтæ (этикетон, диалог-бафарст, диалог-разæнгард кæнын, диалог-дзурджыты цæстæнгасты æвдыст æ. æнд.) зонын;

- дзургæйæ нырыккон ирон æвзаджы сæйраг орфоэпион, лексикон, грамматикон, стилистикон нормæтæ æххæст кæнын; фысгæ ныхасы орфографи æмæ пунктуацийы сæйраг æгъдæуттæ æххæст кæнын;

- этикеты нормæтæ æххæстгæнгæйæ ныхасы архайынмæ арæхсын;

- ныхас кæнгæйæ, цæсгомы, къухы змæлдтытæй хъæугæ хуызы пайда кæнын;

- хи ныхасы мидисæн, æвзагон арæзтæн аргъ кæнын; грамматикон æмæ ныхасон рæдыдтытæ арын æмæ сæ раст кæнын; хи тексттæ хуыздæр кæнын æмæ редакци кæнын;

- чысыл хъусынгæнинæгтæ, реферат, доклад кæнынмæ арæхсын; быцæу ныхасы архайын, актуалон темæтыл дзурынмæ арæхсын;

2) райст зонындзинæдтæй, арæхстдзинæдтæй, фæлтæрддзинадæй æрвылбоны царды уавæрты пайда кæнын; ирон æвзагыл цы предметтæ ахуыр кæнынц æмæ цы æндæр уавæрты бахъæуы, уым мадæлон æвзагæй пайда кæнын;

3) алыварс адæмимæ ныхас кæнын зонын, иумæйаг хæстæ æххæст кæнын, быцæу ныхасы архайын, актуалон темæты фæдыл дзурын; этикетон ныхасы нормæты националон-культурон нормæтæ зонын æмæ сæ пайда кæнын формалон æмæ æнæформалон уавæрты.

***Предметон фæстиуджытæ:***

1) зонын æвзаджы сæйраг функцитæ, ирон æвзаг куыд ирон адæмы националон æмæ паддзахадон æвзаг, адæмы æвзаг æмæ культурæйы бастдзинад, мадæлон æвзаджы бынат адæймаг æмæ æхсæнады царды;

2) æмбарын мадæлон æвзаджы бынат ирон гуманитарон наукæты æмæ ахуырады;

3) базонын мадæлон æвзаджы наукон зонындзинæдты бындуртæ; йæ æмвæзад æмæ иуæгты бастдзинады æмбарынад райсын;

4) базонын лингвистикæйы бындурон æмбарынæдтæ: лингвистикæ æмæ йæ сæйраг хæйттæ; æвзаг æмæ ныхас, ныхас кæнын, дзургæ æмæ фысгæ ныхас; монолог, диалог æмæ сæ хуызтæ; ныхас кæныны уавæр; дзургæ ныхас, наукон, публицистикон, официалон-хъуыддагон стильтæ, аивадон литературæйы æвзаг; наукон, публицистикон, официалон-хъуыддагон стильты æмæ дзургæ ныхасы жанртæ; ныхасы функционалон-хъуыдыйон хуызтæ (таурæгъ, æрфыст, тæрхæттæ); текст, тексты хуызтæ; æвзаджы сæйраг иуæгтæ, сæ бæрæггæнæнтæ æмæ хицæндзинæдтæ ныхасы;

5) зонын ирон æвзаджы лексикæ æмæ фразеологийы сæйраг стилистикон фæрæзтæ, ирон литературон æвзаджы сæйраг нормæтæ (орфоэпион, лексикон, грамматикон, орфографион, пунктуацион), зонын этикетон ныхасы нормæтæ æмæ сæ хи ныхасы пайда кæнын дзургæ æмæ фысгæ зæгъдтыты;

6) дзырдæн алыхуызон æвзæрст кæнын (фонетикон, морфемон, дзырдарæзтон, лексикон, морфологион), синтаксисон æвзæрст дзырдбаст æмæ хъуыдыйадæн; текстæн дæттын бирæаспектон раиртæст йæ сæйраг æуузлтæ æмæ арæзтмæ гæсгæ, æвзаджы бæлвырд функционалон хуызтæм ахастмæ, се 'взагон арæзты хицæндзинæдтæ æмæ æвзаджы аивгæнæн фæрæзтæй пайдакæнынадмæ гæсгæ;

7) лексикон æмæ грамматикон синонимийы коммуникативон-эстетикон гæнæнтæ æмбарын æмæ сæ хи ныхасы пайда кæнын;

8) мадæлон æвзаджы эстетикон функци æмбарын, арæхсын ныхасы эстетикон фарсæн аргъ кæнынмæ, аивадон литературæйы текстæн раиртæст дæтгæйæ.

Скъолайы сæйрагдæр ахуыр кæнынц ирон литературон æвзаг, уымæ гæсгæ æвзагæн куыд предметæн æппæты æнгомдæр бастдзинæдтæ ис ирон литературæимæ. Æвзагон æрмæг арæхдæр ист цæуы ирон аивадон уацмыстæй; уыимæ, скъолайы литературæйы программæйы цы тексттæ амынд ис, уыдонæй дæр. Се 'рмæгæй пайдагæнгæйæ, æвзæрст цæуынц дзырдты лексикон, грамматикон æмæ стилистикон миниуджытæ, орфографион æмæ пунктуацион æгъдæуттæ ахуыргонд цæуынц, хъуыдыйæдтæ æмæ тексты хæйтты бастдзинæдтæ. Æвзаг æмæ литературæйы бастдзинад вазыгджын у ныхасы рæзтыл кусгæйæ дæр.

Ныхасы рæзтыл кусыны темæтæ уæрст цæуынц грамматикон æрмæгыл, æмæ сын уымæ гæсгæ программæйы хицæнæй сахæттæ амынд нæй – ныхасы рæзтыл куыст цæуы алы урочы дæр. Культурæзонæн æмæ коммуникативон компетенцитæ рæзын кæныны тыххæй программæ пайда кæны ирон аив литературæйы, адæмон сфæлдыстады, публицистикон, наукон æмæ официалон-хъуыддагон тексттæй æмæ сæ скъуыддзæгтæй. Уымæй уæлдай ма программæмæ гæсгæ арæзт ахуыргæнæн чингуыты ис ахуырадон тексттæ – чингуыты авторты фыст тексттæ (тематикон пъланты бæрæггонд сты сæрмагонд нысанæй – *). Ацы программæйы сæрмагонд миниуæг у уый дæр, æмæ алы æвзагон темæ дæр æмбæрстгонд кæнæ фæлхатгонд цæуы бæлвырд ныхасон æрмæджы – тексты – бындурыл.

Изложенитæ æмæ нывæцæнты темæтæ æвзаргæйæ, архайын хъæуы, цæмæй уыцы куыстытæ æххуыс уой скъоладзауты фæллойадон, идейон æмæ этикон хъомыладæн.

Архайын хъæуы, цæмæй скъоладзаутæ ирон æвзаджы фæрцы фаг информаци исой æхсæнадон царды æппæт къабæзтæй æмæ иронау дзурын æмæ фыссын зоной сæхи æхсæнадон куысты фæлтæрддзинады, бинонты царды, райгуырæн хъæу, горæты тыххæй, æндæр адæмтæ æмæ бæстæты царды тыххæй.

Уроктæй уæлдай ма кæнын хъæуы консультацитæ, семинартæ, грамматикон хъæзтытæ, олимпиадæтæ æмæ æндæр куысты хуызтæ.

## Курс «Ирон æвзаджы» бынат ахуырадон пъланы

Ахуырадон пъланмæ гæсгæ 5 къласæй 9 къласы онг къуыри сахæтты ирон (мадæлон) æвзагæй ис 1,5 урочы, ома: 5 къласы – 51 сах., 6 къласы – 51 сах.,7 къласы – 51 сах., 8 къласы – 51 сах., 9 къласы – 51 сах. 10 æмæ 11 кълæсты ирон æвзаг ахуыр кæнынц къуыри 1 сахат: 10 къласы – 34 сах., 11 къласы – 33 сах.

## Курсы мидис
## Коммуникативон компетенци æвзæрынгæнæг мидис

***1. Ныхас***

Ныхасы æмбарынад. Ныхасы ситуаци. Дзургæ æмæ фысгæ ныхас. Диалогон æмæ монологон ныхас.

Ныхасы архайды хуызтæ: кæсын, хъусын, дзурын, фыссын. Ныхасы арæзт: экспозици, бабаст, архайды цыд, кульминаци, райхæлд, кæрон.

Ныхасы функционалон-мидисон хуызтæ: таурæгъ, æрфыст, тæрхæттæ. Этикетон ныхас, йæ арæзт æмæ хæстæ. Этикетон формулæтæ официалон æмæ æнæофициалон уавæрты: арфæ кæнын, салам дæттын, зонгæ кæнын, хабæрттæй æмæ æнæниздзинадæй фæрсын, курдиаты, хатыр курыны æмæ рæвдауæн ныхæстæ; хистæримæ, ныййарджытимæ, сывæллæттимæ ныхас.

***2. Текст***

Тексты æмбарынад, йæ сæйраг миниуджытæ. Тексты темæ, сæйраг хъуыды, микротемæ. Тексты структурæ. Тексты хæйтты æмæ хъуыдыйæдты бастдзинады мадзæлттæ æмæ хуызтæ.

Абзац куыд тексты композицион-стилистикон дихкæнынады фæрæз.

Вазыгджын синтаксисон æнæхъæн (ВСÆ); йæ арæзт æмæ семантикæ. Хъуыдыйæдтæ бæттыны лексикон-грамматикон фæрæзтæ вазыгджын синтаксисон æнæхъæны. Параллелон æмæ цæгон бастдзинæдтæ ВСÆ.

Тексты пълан æмæ тезистæ куыд йæ информацион рацарæзты хуыз.

***3. Æвзаджы функционалон хуызтæ***

Æвзаджы функционалон хуызтæ: дзургæ ныхас; функционалон стильтæ: официалон-хъуыддагон, наукон, публицистикон; аивадон литературæйы æвзаг. Сæ лексикон, морфологион, синтаксисон миниуджытæ. Стильты сæйраг жанртæ.

Литературон æвзаг. Литературон æвзаджы нормæтæ. Нормæйы кодификаци.

Æвзаджы аивадон-нывгæнæн мадзæлттæ. Троптæ: эпитет, абарст, метафорæ, олицетворени, перифразæ, аллегори. Стилистикон фигурæтæ: антитезæ, параллелизм, градаци

**Æвзагон æмæ лингвистикон (æвзагзонынадон) компетенци æвзæрынгæнæг мидис**

***4. Æвзаджы тыххæй иумæйаг зонындзинæдтæ***

Ирон æвзаг – ирон адæмы национ æвзаг, РЦИ-Аланийы дыууæ паддзахадон æвзагæй иу; Республикæ Хуссар Ирыстоны паддзахадон æвзаг. Æвзаджы ахадындзинад æхсæнадон царды. Æвзаджы рæзты бастдзинад æхсæнады рæзтимæ.

Иумæйаг æмбарынад æвзæгты хæстæгдзинады тыххæй. Ирон æвзаджы бынат иннæ æвзæгты ’хсæн. Ирон æвзаджы диалекттæ æмæ ныхасыздæхтытæ. Литературон æвзаг, диалект, ныхасыздæхт. Ирон æвзаджы рæзт.

Ирон æвзаджы сæйраг аивгæнæн мадзæлттæ.

Ирон æвзагзонынады историйæ. Ирон æвзагзонынады зынгæ ахуыргæндтæ.

***5. Фонетикæ æмæ орфоэпи***

Фонетикæ куыд æвзагзонынады хай. Хъæлæсонты системæ. Тыхджын æмæ лæмæгъ хъæлæсонтæ ирон æмæ дыгурон æвзæгты. Хъæлæсонты ивд ныхасы. Æмхъæлæсонты системæ. Раулæфтон æмæ æнæраулæфтон æвиппайдон æзылангон æмхъæлæсон мыртæ *(к, п, т, ц, ч)*. Раулæфт бæрæггæнæг дамгъæ *гъ (нæгъ, гъе)*. Уæнг. Цавд. Акцентуалон къордтæ.

Орфоэпийы тыххæй æмбарынад. Ирон литературон æвзаджы орфоэпион нормæ. Æмхъæлæсон мыртæ дз, ц, з, с-йы растдзурынад ирон литературон æмæ дыгурон литературон æвзæгты. Уырыссаг æмхъæлæсонтæ æмæ хъæлæсонты растдзурынад æрбайсгæ дзырдты.

Æмхъæлæсон æмæ хъæлæсон мырты ивддзинæдтæ.

Фонетикон æвзæрст.

***6. Графикæ***

Графикæ куыд æвзагзонынады хай. Мыртæ æмæ дамгъæты бастдзинад. Дыууæ нысанæй амынд мыртæ.

***7. Морфемикæ æмæ дзырдарæзт***

Морфемикæ куыд æвзагзонынады хай. Морфемæ куыд дзырды тæккæ къаддæр нысаниуæгджын хай. Морфемæты хуызтæ Дзырдаразæг æмæ формæаразæг морфемæтæ. Разæфтуан, фæсæфтуан куыд дзырдаразæг морфемæтæ. Уидаг. Æмуидагон дзырдтæ. Мырты ивынад уидаджы. Дзырдтæ аразыны хуызтæ. Бирæнысаниуæгон æмæ омонимон морфемæтæ. Ахадгæ, æнæахадгæ æмæ чысылахадгæ дзырдаразæн фæрæзтæ. Предметы æнæххæст кæнæ лæмæгъгонд æууæл чи нысан кæны, миногонты ахæм фæсæфтуантæ. Морфемæты стилистикон æууæлтæ. Бындур æмæ кæрон. Афтид кæрон. Уидаг, разæфтуан, фæсæфтуан æмæ кæроны хæстæ дзырды мидæг. Дзырдты морфемон æвзæрст.

***8. Лексикологи æмæ фразеологи***

Лексикологи куыд æвзагзонынады хай. Дзырд – лексикæйы иуæг. Дзырды лексикон нысаниуæг. Иунысаниуæгон дзырдтæ. Дзырдты бирæнысаниуæгад. Дзырды комкоммæ æмæ ахæсгæ нысаниуæг. Дзырдты тематикон къордтæ. Æмбарынгæнæн дзырдуат.

Синонимтæ. Антонимтæ. Омонимтæ.

Ирон æвзаджы лексикæ йæ равзæрдмæ гæсгæ. Æппæтадæмон дзырдтæ. Бындурон ирон дзырдтæ. Æндæр æвзæгтæй æрбайсгæ дзырдтæ. Ирон æвзаджы историон-этимологион дзырдуат.

Ирон æвзаджы лексикæ йæ пайдакæнынадмæ гæсгæ. Активон æмæ пассивон лексикæ. Диалектизмтæ. Профессионализмтæ. Архаизмтæ. Историзмтæ. Неологизмтæ.

Дзырды лексикон æвзæрст.

Фразеологи куыд æвзагзонынады хай. Фразеологион дзырдбæстытæ. Уæгъдибар æмæ æнæуæгъдибар (æнгом æмæ æнæдихгæнгæ) дзырдбæстытæ. Фразеологион синонимтæ, антонимтæ æмæ омонимтæ.

Фразеологион дзырдуат.

***9. Мофрологи***

Морфологи куыд грамматикæйы хай. Ныхасы хæйттæ куыд дзырдты лексикон-грамматикон хуызтæ. Ныхасы хæйтты системæ ирон æвзаджы. Сæрмагонд ныхасы хæйттæ. Номдары, миногоны, нымæцоны, номивæджы, мивдисæджы, фæрсдзырды иумæйаг грамматикон нысаниуæг, морфологион æмæ синтаксисон миниуджытæ. Миногми æмæ фæрссагми куыд мивдисæджы номон формæтæ. Ныхасы хæйтты хицæндзинæдтæ дыгурон литературон æвзаджы.

Æххуысгæнæг ныхасы хæйттæ, сæ хуызтæ нысаниуæгмæ гæсгæ, арæзтмæ гæсгæ, синтаксисон функцитæм гæсгæ.

Æвастхъæртæ æмæ мырфæзмæн дзырдтæ.

Алыхуызон ныхасы хæйтты омоними. Ныхасы хæйтты субстантиваци.

***11. Синтаксис***

Синтаксис куыд грамматикæйы хай. Дзырдбаст æмæ хъуыдыйад куыд синтаксисы иуæгтæ.

Дзырдбаст. Дзырдбæстыты хуызтæ. Сæйраг æмæ дæлбар дзырдтæ дзырдбасты мидæг. Синтаксисон бастдзинады хуызтæ дзырдбасты мидæг. Дзырдбасты хæйтты æхсæн ахастытæ.

Хъуыдыйæдты хуызтæ загъды нысанмæ æмæ эмоционалон ахуырстмæ гæсгæ. Хъуыдыйады грамматикон бындур. Хъуыдыйады сæйраг æмæ фæрссаг уæнгтæ, сæ зæгъыны хуызтæ. Зæгъинаджы хуызтæ.

Хуымæтæг хъуыдыйæдты структурон хуызтæ: дывæрсыг æмæ иувæрсыг, цыбыр æмæ даргъ, вазыгджынгонд æмæ æнæвазыгджынгонд, æххæст æмæ æнæххæст.

Иувæрсыг хъуыдыйæдты хуызтæ. Мивдисæгон æмæ номон иувæрсыг хъуыдыйæдтæ.

Вазыгджынгонд хъуыдыйæдтæ. Хъуыдыйады æмхуызон уæнгтæ, иртæстгонд уæнгтæ, сидæн, бавæргæ æмæ бахæсгæ арæзтытæ.

Вазыгджын хъуыдыйæдты классификаци. Вазыгджын хъуыдыйады хæйтты æхсæн синтаксисон ахастытæ æвдисыны мадзæлттæ. Бæттæгджын вазыгджын хъуыдыйæдтæ: бабæтгæвазыгджын, домгæвазыгджын. Æнæбæттæг вазыгджын хъуыдыйæдтæ. Бирæхайон вазыгджын хъуыдыйæдтæ.

Искæй ныхас зæгъыны мадзæлттæ. Комкоммæ æмæ фæрссаг ныхас.

***11. Растфыссынад æмæ пунктуаци***

Орфографи куыд раст фыссыны æгъдæутты системæ. Орфограммæйы æмбарынад.

Хъæлæсонтæ æмæ æмхъæлæсонты растфыссынад морфемæты мидæг. Хъæлæсонтæ æмæ æмхъæлæсонты растфыссынад морфемæты æхсæн.

Дзырдтæ иумæ, дефисимæ æмæ хицæнтæй фыссыны æгъдæуттæ. Цыбыргонд дзыр- ты растфыссынад. Стыр æмæ чысыл дамгъæйæ фыссыны æгъдæуттæ. Дзырдтæ иурæнхъæй иннæмæ хæссын. Орфографион дзырдуат.

Орфографион æвзæрст.

Пунктуацийы æмбарынад. Æрхæцæн нысæнттæ æмæ сæ функцитæ. Иугай æмæ къайджын æрхæцæн нысæнттæ.

Æрхæцæн нысæнттæ хъуыдыйады кæрон.

Æрхæцæн нысæнттæ хуымæтæг æнæвазыгджынгонд хъуыдыйады. Æрхæцæн нысæнттæ хуымæтæг вазыгджынгонд хъуыдыйады.

Æрхæцæн нысæнттæ вазыгджын хъуыдыйады: бабæтгæ вазыгджын, домгæ вазыгджын, æнæбæттæг вазыгджын хъуыдыйады.

Æрхæцæн нысæнттæ вазыгджын хъуыдыйады бастдзинады цалдæр хуызимæ. Æрхæцæн нысæнттæ комкоммæ ныхасы, цитатæимæ ныхасы, диалоджы.

Æрхæцæн нысæнтты фембæлд.

**Социокультурон компетенци æвзæрынгæнæг мидис**

***Æхсæнад æмæ цардыуаг.*** Бинонты цардыуаг. Ирон æгъдæуттæ. Хистæр æмæ кæстæры, уазæг æмæ фысымы ’хсæн ахастытæ, хи дарыны уаг. Улæфты рæстæг. Ды æмæ де ’мбæлттæ. Ирон бæрæгбонтæ. Удварны хæзнатæ. Райгуырæн бæстæ. Адæймаг æмæ æхсæнадон цард. Разамынд дæттыны сусæгдзинæдтæ. Æфсæддон намыс. Æндæр бæстæты цард. Ирыстоны рагон историйы цаутæ. Ирыстоны баиу Уæрæсеимæ. Ирыс- тоны паддзахадон арæзт æмæ нысæнттæ. Республикæйы социалон-экономикон уавæр. Фæсивæды проблемæтæ нæ рæстæджы.

***Æрдз.*** Нæ алыварс дуне. Адæймаг æмæ æрдз. Афæдзы афонтæ. Космосон тыгъ- дад. Æрдзы фæзындтæ. Æрдз æмæ адæймаг. Зайæгойты дуне. Ирыстоны хæхтæ æмæ цæугæдæттæ. Уæрæсе, Кавказ æмæ æндæр бæстæты æрдзы хъæздыгдзинæдтæ. Мæргътæ æмæ цæрæгойты цард. Ирыстоны кæмттæ. Ирыстоны æрдзы хъæздыгдзинæдтæ. Зæххы къори. Адæймаг æмæ космос. Галактикæйы арæзт.

***Ахуырад æмæ фæллой.*** Ахуыры фыццаг бон. Каникултæ алы рæтты æмæ бæстæты. Ахуыргæнæн чиныг. Боны фæтк. Скъолайы чиныгдон. Скъолайы бæрæгбонтæ. Ахуыр- гæнæг æмæ скъоладзаутæ. Зындгонд ахуыргæндтæ. Наукæ æмæ ахуырад. Фæллойы ахадындзинад адæймаджы царды. Алыхуызон дæсныйæдтæ. Скъоладзауты æхсæнадон куыст. Ирон литературон æвзаджы равзæрд. Хосгæнæн кæрдæджытæ. Иуæй-иу куыстуæттæ. Ахуырад Уæрæсейы æмæ æндæр бæстæты. Антикон æмæ астæуккаг æнусты ахуыргæндтæ Зæххы тыххæй. Антикон ахуыргæндтæ космосы тыххæй. Цы- быр зонинæгтæ зындгонд ахуыргæндты тыххæй. Дунейы адæмты æвзæгтæ. Ирон æвзагзонынады историйæ.

***Культурæ.*** Æвзаг æмæ культурæ. Мадæлон æвзаг. Уырыссаг æвзаг. Ирон æмæ ду- нейы адæмты культурæ. Ныхасы этикет. Ирон адæмы дзургæ сфæлдыстады уацмыстæ. Ирыстоны цытджын лæгтæ. Уæрæсейы хъæбатыртæ. Адæймаджы удварны миниуджы-тæ. Къостайы цард æмæ сфæлдыстад. Царциаты диссæгтæ. Ирыстоны рагон цардæй. Адæмон-поэтикон сфæлдыстад. Нарты кадджытæ – ирон адæймаджы удварны кодекс. Фыдыбæстæйы Стыр хæсты æфсæддон разамонджытæ æмæ хуымæтæг салдæттæ. Фыдыбæстæйы Стыр хæсты цыртдзæвæнтæ Ирыстоны. Ирон адæмы æгъдæуттæ. Кур- диат æмæ аивады тых. Ирыстоны историон цыртдзæвæнтæ. Мадæлон æвзаг. Спорт æмæ Олимпаг хъæзтытæ. Зындгонд ирыстойнаг спортсментæ. Спорт æмæ физкультурæйы ахадындзинад царды.

Ныхасы культурæ. Ирон национ культурæ: нывкæнынад, музыкалон аивад, кино- аивад. Ирыстоны намысы лæгтæ. Дунейы адæмты музыкалон культурæ. Нырыккон музыкæйы стильтæ. Зындгонд музыканттæ æмæ музыкалон къордтæ.

**Тематикон пълан 6 къл. (къуыри 1,5 сах., ӕдӕппӕтӕй 51 сах., уыдонӕй 4 сах. – контролон куыстытӕ)**

| Урочы номыр | Темӕ | Урочы мидис | Скъоладзауты архайды хуызтӕ |
|---|---|---|---|
| **5-ӕм къласы рацыд ӕрмӕг фӕлхат кӕнын** (3 сах.) | | | |
| 1. | Фонетикӕ.<br>Лексикӕ.<br>Дзырдарӕзт. | Фонетикӕ, лексикӕ, дзырдарӕзт куыд ӕвзагзонынады хӕйттӕ. | Фонетикӕ, лексикӕ ӕмӕ дзырдарӕзтӕй рацыд ӕрмӕгмӕ гӕсгӕ фӕрстытӕн дзуапп дӕттын. |
| | | *Фӕлхат кӕнын*<br>Мырты равзӕрд, сӕ дих. Алфавит. Уӕнг. Цавд. Дзырды фонетикон ӕвзӕрст. Апостроф ӕвӕрыны ӕгъдӕуттӕ. Мырты ӕмхуызонад. Иунысаниуӕгон ӕмӕ бирӕнысаниуӕгон дзырдтӕ. Дзырды комкоммӕ ӕмӕ ахӕсгӕ нысаниуӕг. Синонимтӕ. Антонимтӕ. | Дзырд фонетикон ӕвзӕрст кӕнын.<br>Апостроф ӕвӕрыны ӕгъдӕуттӕ ӕмбарын кӕнын.<br>Дзырдтӕм синонимтӕ ӕмӕ антонимтӕ агурын.<br>Омонимтӕ иртасын.<br>Дзырды уидаг хицӕн кӕнын.<br>Схемӕтӕм гӕсгӕ дзырдтӕ аразын. |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | | Омонимтæ. Дзырдарæзт куыд æвзагзонынады хай. Дзырдаразæг морфемæтæ. Дзырдты бындурты хуызтæ. Æмуидагон дзырдтæ. Вазыгджын дзырдтæ. | |
| | | *Ныхасы рæзт*<br>**Мадæлон æвзаг.**<br>Мадæлон æвзаджы ахадындзинад.<br>Зындгонд адæймæгтæ мадæлон æвзаджы тыххæй.<br>«Мадæлон æвзаг» Габдулла Тукай (Хъодзаты Æхсары тæлмац).<br>«Рувас æмæ хъæддзау» (Эзоп). | Текст аив кæсын.<br>Æмбисæндты хъуыды æмбарын кæнын.<br>Хуымæтæг даргъ хъуыдыйæдтæ аразын. |
| 2. | Морфологи (номдар, миногон, нымæцон). | Морфологи куыд æвзагзонынады хай. Номдар, миногон, нымæцон. | Номдар, миногон æмæ нымæцонæй рацыд æрмæгмæ гæсгæ фæрстытæн дзуапп дæттын. |
| | | *Фæлхат кæнын*<br>Ныхасы хæйттæ, сæ дих.<br>Номдары морфологион æууæлтæ.<br>Номдарты бирæон нымæцы арæзты хицæндзинæдтæ.<br>Миногоны нысаниуæг, йæ бæрцбарæнтæ.<br>Ахастæвдисæг æмæ миниуæггæвдисæг миногонтæ.<br>Нымæцон куыд ныхасы хай. | Номдары морфологион æууæлтæ иртасын.<br>Миногонтæ, цы дзырдтимæ баст сты, уый бæрæг кæнын.<br>Дзырдбасты сæйраг æмæ дæлбар дзырдтæ хицæн кæнын.<br>Нымæцонтæ дзырдтæй фыссын. |
| | | *Ныхасы рæзт*<br>**Ирыстоны истори.**<br>Ирыстоны баиу Уæрæсеимæ.<br>Скифаг зындгонд лæгтæ Анахарсис æмæ Токсарид. | Тексты темæ йæ сæргондмæ, стæй нывмæ гæсгæ бæрæг кæнын; аив кæсын; сæргонд ын дæттын.<br>Цитатæйы хъуыды æмбарын кæнын. |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | | Анахарсисы цыргъзонд ныхæстæ. Блиаты Марк. «Ирыстон куыд баиу ис Уæрæсеимæ». «Скифаг æрдхорддзинад» («Ирон æмбисонды хабæрттæ»). | |
| 3. | Синтаксис. | Синтаксис куыд æвзагзонынады хай. Дзырдбаст æмæ хъуыдыйад. Текст. Ныхасы стильтæ. | Синтаксисæй рацыд æрмæгмæ гæсгæ фæрстытæн дзуапп дæттын. |
| | | *Фæлхат кæнын*<br>Дзырдбаст. Сæйраг æмæ дæлбар дзырдтæ. Хъуыдыйæдты дих сæ арæзт, загъды нысан æмæ интонацимæ гæсгæ.<br>Хъуыдыйады грамматикон бындур.<br>Хъуыдыйады уæнгтæ, сæ дих.<br>Хъуыдыйады æмхуызон уæнгтæ.<br>Хъуыдыйады синтаксисон æвзæрст.<br>Текст. Ныхасы стильтæ. | Тексты мидæг дзырдбæстытæ схемæтæм гæсгæ агурын.<br>Схемæтæм гæсгæ хъуыдыйæдтæ аразын.<br>Вазыгджын дзырдтæ æмæ номдарты растфыссынад æмбарын кæнын. |
| | | *Ныхасы рæзт*<br>**Ирыстоны истори.**<br>Ирайнаг æвзæгты къорд. Ирæтты равзæрд. Андрей Шегрены наукон цæстæнгас. «Ирæттæ. Чи сты?» I хай. (Исаты М.)<br>«Ирон адæмон культурæ: уадындз æмæ хореографи» (Журнал «Мах дуг»-æй)<br>«Мæ уды стъалы» (Аслæмырзаты Дз.) | Текст пъланмæ гæсгæ хи ныхæстæй дзурын.<br>Тексты темæ æмæ сæйраг хъуыды бæрæг кæнын. |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | | **Лескикæ æмæ фразеологи** (6 сах.) | |
| 4. | Æппæтадæмон дзырдтæ.<br>Бындурон ирон æмæ æндæр æвзæгтæй æрбайсгæ дзырдтæ. | Ирон æвзаджы дзырдты дих: æппæтадæмон; хицæн къордтæ кæмæй пайда кæнынц, уыдон; бындурон; æрбайсгæ.<br>Æрбайсгæ дзырдты растфыссынад. | Ирон æвзаджы лексикæйы дзырдты къордтæм гæсгæ дæнцæгтæ хæссын. |
| | | *Фæлхат кæнын*<br>Ныхасы хæйттæ (номдар, миногон, нымæцон). | Дзырдтæ уырыссаг æвзагæй иронмæ тæлмац кæнын.<br>Дзырдбæстытæ æмæ хъуыдыйæдтæ аразын.<br>Æрбайсгæ дзырдтæ фыссын. |
| | | *Ныхасы рæзт*<br>**Ирыстоны истори.**<br>Ирæтты равзæрд.<br>Зындгонд ахуыргæндты иртасæн куыст (В.Ф. Миллер, Абайты В.).<br>Алайнæгты цард æвдисæг дзауматæ.<br>«Ирæттæ. Чи сты?» II хай.<br>(Исаты М.)<br>«Алайнæгты царды тыххæй». | Текстмæ гæсгæ фæрстытæ дæттын.<br>Фæрстытæм гæсгæ диалог аразын. |
| 5. | Диалектизмтæ.<br>Профессиона-лизмтæ | Диалектон æмæ профессионалон дзырдтæ. | Диалектон æмæ профессионалон дзырдтæ иртасын, дæнцæгтæ хæссын.<br>Диалектизмтæ литературон æвзаджы дзырдтæй ивын. |
| | | *Фæлхат кæнын*<br>Æппæтадæмон дзырдтæ. Дзырды хæйттæ. Дзырдбаст. Номдар æмæ миногоны синтаксисон функцитæ хъуыдыйады.<br>Æрхæцæн нысæнттæ хъуыдыйады æмхуызон уæнгтимæ. | Рацыд æрмæгмæ гæсгæ фæрстытæн дзуапп дæттын.<br>Хъуыдыйады æмхуызон уæнгтимæ æрхæцæн нысæнттæ æмбарын кæнын. |
| | | *Ныхасы рæзт*<br>**Ирыстоны истори.** | Текст хи ныхæстæй дзурын.<br>Дзырд хæйттæм гæсгæ æвзарын. |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | | Скифæгты цард æвдисæг дзауматæ. «Скифаг сызгъæрин худ» (Журнал «Фидиуæг»-æй). | Тексты структурæ (райдайæн, сæйраг хай, кæронбæттæн) бæрæг кæнын. |
| 6. | Архаизмтæ. Историзмтæ. | Зæронд дзырдты къордтæ: архаизмтæ æмæ историзмтæ. | Зæронд дзырдты къордтæ: архаизмтæ æмæ историзмтæ иртасын, дæнцæгтæ хæссын. |
| | | *Фæлхат кæнын*<br>Æппæтадæмон дзырдтæ. Диалектизмтæ. Професcионализмтæ. Номдарты бирæон нымæцы растфыссынад. Апостроф æвæрыны æгъдæуттæ. | Тексты архаизмтæ æмæ историзмтæ агурын, сæ нысаниуæг сын æмбарын кæнын.<br>«Ирон-уырыссаг дзырдуат»-æй пайда кæнын.<br>Дзырдтæм синонимтæ агурын.<br>Номдарты бирæон нымæцы растфыссынад æмæ апостроф æвæрыны æгъдæуттæ æмбарын кæнын. |
| | | *Ныхасы рæзт*<br>**Ирон æгъдæуттæ.**<br>Нæ рагфыдæлты æгъдау – хъонахъдзинад. Нæлгоймаджы рагон ирон дарæс. «Рагон ирон æгъдæуттæ»*. Скъуыддзаг «Нæ фыдæлтæ цыбыркъух уыдысты…» (Дзесты К). «Фæззыгон барæг» (Айларты И.) | Текст аив кæсын, йæ сæйраг хъуыды йын бæрæг кæнын, сæргонд ын дæттын. |
| 7. | Неологизмтæ. | Ног дзырдты (неологизмты) фæзынд. | Ног дзырдты (неологизмты) фæзынд æмбарын кæнын. |
| | | *Фæлхат кæнын*<br>Æппæтадæмон дзырдтæ. Диалектизмтæ. Професcионализмтæ. Архаизмтæ. Историзмтæ. Дзырды фонетикон æвзæрст. | Тексты неологизмтæ агурын.<br>Сæ нысаниуæг, стæй куыд фæзындысты, уый æмбарын кæнын.<br>Дзырдтæм синонимтæ агурын. Дзырд фонетикон æвзæрст кæнын. |
| | | *Ныхасы рæзт*<br>**Ирыстон.**<br>Туристон комплексы арæзтад Мамысонгомы. «Мамысон» | Текст аив кæсын.<br>Текстмæ гæсгæ хи хъуыдытæ дзурын. |

| | | | |
|---|---|---|---|
| 8. | Фразеологион дзырдбæстытæ. | «Балц Саранскмæ». Фразеологион дзырдбæстыты нысаниуæг. | Фразеологион дзырдбæстыты нысаниуæг æмæ арæзт æмбарын кæнын. |
| | | *Фæлхат кæнын*<br>Æппæтадæмон дзырдтæ.<br>Диалектизмтæ. Профессионализмтæ.<br>Архаизмтæ. Историзмтæ.<br>Неологизмтæ. Хуымæтæг даргъ хъуыдыйад, сæйраг уæнгтæ. | Лексикæйæ рацыд æрмæгмæ гæсгæ фæрстытæн дзуапп дæттын.<br>Тексты фразеологион дзырдбæстытæ агурын, синонимты фæрцы сæ æмбарын кæнын.<br>Нывтæм гæсгæ хуымæтæг даргъ хъуыдыйад аразын, сæйраг уæнгтæ бæрæг кæнын. |
| | | *Ныхасы рæзт*<br>**Къоста – ирон адæмы стъалы.**<br>Къостайы фæдзæхст ирон адæмæн.<br>Дзодзыккаты Зæидæ. Ирон æвзаджы фразеологизмты тыххæй.<br>«Къостайы фæдзæхст». | Текст хи ныхæстæй дзурын.<br>Тексты сæйраг хъуыды бæрæг кæнын.<br>Фразеологион дзырдбæстытимæ хъуыдыйæдтæ аразын. |
| 9. | Контролон куыст | | |
| **Дзырдарæзт** (3 сах.) | | | |
| 10. | Вазыгджын дзырдтæ. | Ирон æвзаджы дзырдарæзты сæйраг мадзæлттæ: морфемон; бындуртæ кæрæдзимæ æфтауын; иу ныхасы хайы рахызт æндæрмæ.<br>Вазыгджын дзырдты растфыссынад. | Ирон æвзаджы дзырдарæзты сæйраг мадзæлттæ, стæй вазыгджын дзырдты растфыссынад æмбарын кæнын. |
| | | *Фæлхат кæнын*<br>Дзырдарæзтон æвзæрст. Номдарты растфыссынад: мырты æмхуызонад, стыр дамгъæ. Профессионалон дзырдтæ. | Текстæй фыссын: дзырдтæ схемæтæм гæсгæ; дзырдбæстытæ – фæрстытæм гæсгæ.<br>Дзырдтæм синонимтæ агурын.<br>Вазыгджын дзырдты хæйттæ хицæн кæнын.<br>Номдарты растфыссынад: мырты æмхуызонад, стыр дамгъæ æмбарын кæнын. |
| | | *Ныхасы рæзт*<br>**Къостайы ном – æнусон.** | Текст аив кæсын, хи ныхæстæй йæ дзурын.<br>Тексты æрдзы æрфыст агурын. |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | | Тугъанты М. сфæлдыстадон куыст.<br>«Къостайы сурæт нывкæнынад æмæ скульптурæйы»*.<br>«Тугъанты Махарбег»<br>(Дзантиаты А.) | |
| 11. | Дзырдарæзт. | Ирон æвзаджы дзырдарæзты сæйраг мадзæлттæ разæфтуан æмæ фæсæфтуан. | Ирон æвзаджы дзырдарæзты сæйраг мадзæлттæ зонын. |
| | | *Фæлхат кæнын*<br>Дзырды морфемон æвзæрст.<br>Вазыгджын, стæй æрбайсгæ дзырдтæ.<br>Вазыгджын дзырдты растфыссынад. | Тексты агурын: дзырдтæ схемæтæм гæсгæ; вазыгджын, стæй æрбайсгæ дзырдтæ.<br>Фæсæфтуанты фæрцы, стæй схемæтæм гæсгæ дзырдтæ аразын.<br>Вазыгджын дзырдты растфыссынад æмбарын кæнын.<br>Вазыгджын дзырдты хæйттæ хицæн кæнын. |
| | | *Ныхасы рæзт*<br>**Ирыстон.**<br>Къæхтысæр – Ирыстоны рæсугъддæр бынæттæй иу. Æрдз хъахъхъæныны ахадындзинад æмæ мадзæлттæ. «Къæхтысæр»*.<br>«Фæззыгон хæххон æхсæв…»<br>(Бесаты Т.) | Текст аив кæсын, сæргонд ын дæттын, абзацтыл æй дих кæнын.<br>Дзырдтимæ хъуыдыйæдтæ хъуыды кæнын. |
| 12. | Дзырдарæзт | Ирон æвзаджы дзырдарæзты сæйраг мадзæлттæ разæфтуан æмæ фæсæфтуан. | Ирон æвзаджы дзырдарæзты сæйраг мадзæлттæ зонын. |
| | | *Фæлхат кæнын*<br>Дзырды морфемон æвзæрст.<br>Вазыгджын дзырдты растфыссынад. | Дзырдарæзтæй рацыд æрмæгмæ гæсгæ фæрстытæн дзуапп дæттын. Тексты агурын: дзырдтæ схемæтæм гæсгæ; дзырдбæстытæ фæрстытæм гæсгæ.<br>Дзырдтæм антонимтæ агурын.<br>Вазыгджын дзырдты растфыссынад æмбарын кæнын. |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | | *Ныхасы рæзт*<br>**Ирыстон. Ирыстоны хæхтæ.**<br>Нæ зындгонд æмзæххон – Хъаныхъуаты Бола; йæ фæзминаг миниуджытæ.<br>«Къæдзæхы хуызæн лæг» (Журнал «Ногдзау»-æй).<br>«Комы нарæгæй дзæбæх зынд Мæсчъыхъæу…» (Цæгæраты М.).<br>«Нæ Иры хæхтæ!..» (Мыртазты Б.). | Текст аив кæсын, сæргонд ын дæттын.<br>Текстмæ гæсгæ хи хъуыдытæ дзурын.<br>Текстмæ гæсгæ фæрстытæ дæттын.<br>Фæрстытæм гæсгæ диалог аразын. |
| **Номдар** (5 сах.) | | | |
| 13. | Номдарты дзырдарæзт. Номдарты дзырдарæзт разæфтуантæ æмæ фæсæфтуанты руаджы. | Номдарты дзырдарæзт разæфтуантæ æмæ фæсæфтуанты руаджы. | Номдарты дзырдарæзт разæфтуантæ æмæ фæсæфтуанты руаджы зонын. |
| | | *Фæлхат кæнын*<br>Номдары нысаниуæг, йæ грамматикон æууæлтæ æмæ синтаксисон функцитæ.<br>Номдарты бирæон нымæц аразыны хицæндзинæдтæ. | Номдарæй рацыд æрмæгмæ гæсгæ фæрстытæн дзуапп дæттын.<br>Тексты агурын: дзырдтæ æмæ дзырдбæстытæ схемæтæм гæсгæ; орфограммæтæ.<br>Дзырдтæм синонимтæ æмæ антонимтæ агурын.<br>Дзырдты хæйттæ хицæн кæнын. |
| | | *Ныхасы рæзт*<br>**Фыдæлты хæзнатæ.**<br>Адæмон хореографи, хъисфæндыр.<br>«Адæмон хореографи» (Журнал «Мах дуг»-æй).<br>«Хъисфæндыр» (Къадзаты С.).<br>«Ирон фæндыр» (Чеджемты Æ.). | Текст аив кæсын, хи хъуыдытæ дзурын.<br>Дзырдбыд райхалын. |
| 14. | Номдарты дзырдарæзт дзырдтæ (бындуртæ) | Номдарты дзырдарæзт дзырдтæ (бындуртæ) кæрæдзимæ æфтауыны руаджы. | Номдарты дзырдарæзт дзырдтæ (бындуртæ) кæрæдзимæ æфтауыны руаджы зонын. |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | кæрæдзимæ æфтауыны руаджы. | *Фæлхат кæнын*<br>Вазыгджын дзырдты арæзт æмæ растфыссынад.<br>Фразеологион дзырдбæстытæ. | Вазыгджын дзырдты хæйттæ хицæн кæнын, сæ растфыссынад сын æмбарын кæнын.<br>Фразеологион дзырдбаст синонимæй ивын. |
| | | *Ныхасы рæзт*<br>**Улæфты рæстæг.**<br>Рагзаманты хъæзтытæ.<br>Рæвдауæн дзырдтæ. Адæмимæ хæлар ахастдзинæдтæ аразыны мадзæлттæ.<br>Айларты Измаил. «Рагзаманты хъæзтытæ».<br>«Нæ рагфыдæлты хъæзтытæ»*.<br>«Фыццаг уал дæ хъæлæс аив» (Æмбисонд).<br>«Чызджыты бæрæгбон Японийы»*. | Текст аив кæсын, сæргонд ын хъуыды кæнын.<br>Грамматикон хъазты архайын.<br>«Ирон-уырыссаг дзырдуат»-æй пайда кæнын, афтæмæй текст ирон æвзагæй уырыссагмæ тæлмац кæнын.<br>Рæвдауæн дзырдтæй пайда кæнын. |
| 15. | Цыбыргонд вазыгджын дзырдтæ. | Цыбыргонд вазыгджын дзырдты арæзты мадзæлттæ, сæ растфыссынад. | Цыбыргонд вазыгджын дзырдты арæзты мадзæлттæ æмæ сæ растфыссынад зонын. |
| | | *Фæлхат кæнын*<br>Дзырды æвзæрст хæйттæм гæсгæ.<br>Хъуыдыйады синтаксисон æвзæрст. | Тексты агурын дзырдтæ схемæтæм гæсгæ.<br>Дзырд хæйттæм гæсгæ æвзарын.<br>Хъуыдыйад синтаксисон æвзæрст кæнын. |
| | | Ныхасы рæзт<br>Наукæ æмæ ахуырад.<br>Нæ ахуыргæндты иртасæн куыст.<br>В.Ф. Миллеры наукон фæллæйттæ.<br>«Нæ ахуыргæндтæ – Дунеон конгрессы»*. «Стыр ахуыргонд»* (В.Ф. Миллеры тыххæй). | Вазыгджын номдаримæ хъуыдыйад аразын.<br>Текстæн таурæгъон хъуыдыйæдтæй пълан фыссын.<br>Текст пъланмæ гæсгæ хи ныхæстæй дзурын.<br>Текстмæ гæсгæ æлвæст изложени фыссын. |

| | | | |
|---|---|---|---|
| 16. | Контролон куыст | | |
| 17. | Ӕндæр ныхасы хæйттæ номдарты ролы. | Субстантиваци – номдартæ аразыны мадзал. Номдары морфологион æвзæрст. | Ӕндæр ныхасы хæйттæ номдары ролы иртасын. Номдар морфологион æгъдауæй æвзарын. |
| | | *Фæлхат кæнын*<br>Номдарты дзырдарæзты мадзæлттæ. Номдары морфологион æууæлтæ, йæ синтаксисон функци. | Номдарæй рацыд æрмæгмæ гæсгæ фæрстытæн дзуапп дæттын.<br>Таблицæ «Номдарты дзырдарæзты мадзæлттæ» баххæст кæнын. |
| | | *Ныхасы рæзт*<br>**Удварны миниуджытæ: зыд кæнын хорз нæу.**<br>Аргъау «Зыд лæг».<br>«Цъиах æмæ бæлæттæ» (Эзоп). | Текст аив кæсын.<br>Тексты райхæлд (развитие) йæ райдайæнмæ гæсгæ бæрæг кæнын. |
| **Миногон** (4 сах.) | | | |
| 18. | Миногонты дзырдарæзт. Миногонты дзырдарæзт разæфтуантæ æмæ фæсæфтуанты руаджы. | Миногонты дзырдарæзты мадзæлттæ. Миногонты дзырдарæзт разæфтуантæ æмæ фæсæфтуанты руаджы. Миногонты растфыссынад разæфтуантæ *æ*- æмæ *æм*-имæ. | Дзырдтæй разæфтуантæ *æ*- æмæ *æм*-ы фæрцы миногонтæ аразын. Схемæтæм гæсгæ миногонтæ аразын. |
| | | *Фæлхат кæнын*<br>Миногонты нысаниуæг, сæ дих, бæрцбарæнтæ, тасындзæг æмæ синтаксисон функцитæ. Вазыгджын дзырдты растфыссынад. | Миногонæй рацыд æрмæгмæ гæсгæ фæрстытæн дзуапп дæттын.<br>Вазыгджын дзырдты растфыссынад æмбарын кæнын. |
| | | *Ныхасы рæзт*<br>**Фыдæлты хæзнатæ.**<br>Ирон адæмон дзыхæйдзургæ сфæлдыстад.<br>Таурæгъ «Стъалыты нæмттæ». | Дзырдбæстытæ хъуыды кæнын.<br>Текст аив кæсын.<br>Ӕмбисæндтæй пайда кæнын. |

| | | | |
|---|---|---|---|
| 19. | Миногонты дзырдарæзт разæфтуантæ æмæ фæсæфтуанты руаджы. | Миногонты дзырдарæзт разæфтуантæ æмæ фæсæфтуанты руаджы. Миногонты растфыссынад (цæхх-цæхджын, зæхх – зæхджын æ.а.д.). | Миногонты дзырдарæзт разæфтуантæ æмæ фæсæфтуанты руаджы зонын.<br>Миногонты растфыссынад (цæхх-цæхджын, зæхх – зæхджын æ.а.д.) æмбарын кæнын. |
| | | *Фæлхат кæнын*<br>Миногонты нысаниуæг, сæ дих, бæрцбарæнтæ, тасындзæг æмæ синтаксисон функцитæ. Æрбайсгæ дзырдты растфыссынад. Дзырды æвзæрст хæйттæм гæсгæ. | Тексты агурын: дзырдтæ схемæтæм гæсгæ; вазыгджын, стæй æрбайсгæ дзырдтæ.<br>Æрбайсгæ дзырдты растфыссынад æмбарын кæнын.<br>Дзырдтæ сæ арæзтмæ гæсгæ къордтыл дих кæнын. |
| | | *Ныхасы рæзт*<br>**Удварны миниуджытæ**<br>Бинонты æнгомдзинады ахадынд-зинад. «Къухтæ» (Альбрехт Дюрер – зындгонд нывгæнæг) (Журнал «Мах дуг»-æй). Таурæгъ «Сæрыстыр Æхсæр бæлас». | Тексты сæйраг хъуыды бæрæг кæнын.<br>Текстæн фарстон хъуыдыйæдтæй пълан фыссын.<br>Фæрстытæм гæсгæ диалог аразын.<br>Фразеологион дзырдбæстытæм синонимтæ агурын. |
| 20. | Миногонты дзырдарæзт дзырдтæ (быиндуртæ) кæрæдзимæ æфтауыны руаджы. | Миногонты дзырдарæзт дзырдтæ (быиндуртæ) кæрæдзимæ æфтауыны руаджы. | Миногонты дзырдарæзт дзырдтæ (быиндуртæ) кæрæдзимæ æфтауыны руаджы зонын. |
| | | *Фæлхат кæнын*<br>Миногонты нысаниуæг, сæ дих, бæрцбарæнтæ, тасындзæг æмæ синтаксисон функцитæ. Вазыгджын дзырдтæ; сæ растфыссынад. | Тексты агурын дзырдтæ схемæтæм гæсгæ. Вазыгджын миногонтæ аразын; сæ хæйттæ сын хицæн кæнын.<br>Вазыгджын дзырдты хæйттæ хицæн кæнын, сæ растфыссынад сын æмбарын кæнын. |
| | | *Ныхасы рæзт*<br>**Удварны миниуджытæ: хъал, зынæрвæссон уæвын хорз нæу.**<br>«Хъал Дидинæг» I хай (Дзугаты Г.) | Текст рольтæм гæсгæ кæсын.<br>Æмбисæндты хъуыды æмбарын кæнын.<br>Грамматикон хъазты архайын «Чи тагъддæр сараздзæн дзырдтæ?» |

| | | | |
|---|---|---|---|
| 21. | Номдарты рахызт миногонтæм. | Номдарты рахызт миногонтæм.<br>Миногоны морфологион æвзæрст. | Номдарты рахызт миногонтæм зонын.<br>Миногон морфологион æгъдауæй æвзарын. |
| | | *Фæлхат кæнын*<br>Миногонты дзырдарæзт.<br>Номдар æмæ миногоны нысаниуæг, сæ синтаксисон функцитæ. | Миногонæй рацыд æрмæгмæ гæсгæ фæрстытæн дзуапп дæттын.<br>Таблицæ «Миногонты дзырдарæзт» баххæст кæнын. |
| | | *Ныхасы рæзт*<br>**Удварны миниуджытæ: хъал, зынæрвæссон уæвын хорз нæу.**<br>«Хъал Дидинæг» II хай (Дзугаты Георги). | Текст рольтæм гæсгæ кæсын, йæ сæйраг хъуыды йын бæрæг кæнын.<br>Æмбисæндтæй пайда кæнын. |
| | | **Нымæцон** (6 сах.) | |
| 22. | Нымæцон. Ирон нымады хуызтæ. | Ирон нымады хуызтæ: дæсгæйттæ æмæ ссæдзгæйттæй. | Ирон нымады хуызтæ зонын.<br>Нымæцонтæ дæсгæйттæ æмæ ссæдзгæйттæй нымадæй дзурын æмæфыссын. |
| | | *Фæлхат кæнын*<br>Нымæцон куыд ныхасы хай.<br>Бæрцон æмæ рæнхъон нымæцонты нысаниуæг.<br>Вазыгджын дзырдтæ. | Нымæцонæй рацыд æрмæгмæ гæсгæ фæрстытæн дзуапп дæттын.<br>Вазыгджын дзырдты арæзт æмбарын кæнын. |
| | | *Ныхасы рæзт*<br>**Æрдз æмæ адæймаг.**<br>Нæ бæстæйы æппæты фыццаг фæдзæхст бынат – Баргузинаг (Баргузинский заповедник).<br>Æрдз хъахъхъæныны мадзæлттæ.<br>«Баргузинаг фæдзæхст бынат»*.<br>«Нымæцонты тыххæй»*. | Текст аив кæсын, йæ проблемæ йын бæрæг кæнын.<br>Доклад презентациимæ цæттæ кæнын.<br>Æмбисæндтæй пайда кæнын.<br>Схемæтæм гæсгæ дзырдбæстытæ аразын. |

| | | | |
|---|---|---|---|
| 23. | Нымæцонты арæзт. | Нымæцонты арæзт: хуымæтæг, вазыгджын, амад. Нымæцон *иу*-ы растфыссынад. | Нымæцонты арæзт, стæй нымæцон иу-ы растфыссынад зонын. |
| | | *Фæлхат кæнын*<br>Ирон нымады хуызтæ. Бæрцон æмæ рæнхъон нымæцонты нысаниуæг.<br>Дзырды фонетикон æвзæрст.<br>Дзырды æвзæрст йæ арæзтмæ гæсгæ. | Тексты нымæцонтæ агурын; бæрæг сын кæнын сæ хуыз æмæ арæзт.<br>Дзырд йæ арæзтмæ гæсгæ, стæй фонетикон æгъдауæй æвзарын. |
| | | *Ныхасы рæзт*<br>**Æрдз нæ алыварс.**<br>Национ парк «Алани». Æрдз хъахъхъæныны мадзæлттæ.<br>Килиманджаро – Африкæйы бæрзонддæр хох.<br>«Национ парк «Алани»*.<br>«Килиманджаро»*. | Текстмæ гæсгæ фæрстытæн дзуапп дæттын.<br>Текст хи ныхæстæй дзурын, йæ сæйраг хъуыды йын бæрæг кæнын.<br>Нымæцонтæй пайда кæнын. |
| 24. | Контролон куыст | | |
| 25. | Бæрцон æмæ рæнхъон нымæцонты тасындзæг. | Бæрцон æмæ рæнхъон нымæцонты тасындзæг. | Бæрцон æмæ рæнхъон нымæцонтæ тасындзæг кæнын. |
| | | *Фæлхат кæнын*<br>Нымæцонты арæзт: хуымæтæг, вазыгджын, амад.<br>Номдарты бирæон нымæцы растфыссынад. | Рацыд æрмæгмæ гæсгæ фæрстытæн дзуапп дæттын.<br>Номдарты бирæон нымæцы растфыссынад æмбарын кæнын. |
| | | *Ныхасы рæзт*<br>**Æрдз нæ алыварс.**<br>Дон – царды æмбис. Доны сыгъдæгдзинад хъахъхъæныны ахадындзинад. | Нымæцонтæй пайда кæнын дзургæ æмæ фысгæ ныхасы.<br>Математикон терминтæй пайда кæнын.<br>Текст аив кæсын, сæргонд ын дæттын, йæ сæйраг хъуыды йын бæрæг кæнын. |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | | «Дон – царды хос»*.<br>«Цад æмæ денджыз» (Журнал «Ногдзау»-æй).<br>«Дзирасгæ» (Малити Г.). | |
| 26. | Дихон нымæцонтæ. | Дихон нымæцонтæ: сæ арæзт æмæ тасындзæг. | Дихон нымæцонты нысаниуæг зонын.<br>Цифрæтæ дихон нымæцонтау фыссын, тасындзæг сæ кæнын. |
| | | *Фæлхат кæнын*<br>Нымæцонты нысаниуæг æмæ арæзт. Бæрцон æмæ рæнхъон нымæцонты тасындзæг. Номдарты бирæон нымæцы растфыссынад. | Нымæцонæй рацыд æрмæгмæгæсгæ фæрстытæн дзуапп дæттын.<br>Номдарты бирæон нымæцы растфыссынад æмбарын кæнын. |
| | | *Ныхасы рæзт*<br>**Ӕрдз æмæ адæймаг.**<br>Цуанæтты æгъдæуттæ. Цæрæгойтæ хъахъхъæныны мадзæлттæ.<br>Дзæуджыхъæуы Хетæгкаты Къ. номыл културæ æмæ фæлладуадзыны парк.<br>«Цуанæтты æгъдæуттæй»,<br>«Цуанæтты æвзаджы тыххæй» (Хъесаты В.).<br>«Дзæуджыхъæуы парк»*. | Текстæн фарстон хъуыдыйæдтæй пълан фыссын, хи ныхæстæй йæ дзурын, сæргонд ын дæттын.<br>Сырх чиныджы ахадындзинад æмбарын кæнын.<br>Текст уырыссаг æвзагæй иронмæ тæлмац кæнын.<br>Дихон нымæцонтимæ дзырдбæстытæ æмæ хъуыдыйæдтæ аразын. |
| 27. | Мурон нымæцонтæ. | Мурон нымæцонтæ: сæ арæзт æмæ тасындзæг. Нымæцоны морфологион æвзæрст. | Мурон нымæцонты арæзт æмæ тасындзæг зонын.<br>Нымæцон морфологион æгъдауæй æвзарын. |
| | | *Фæлхат кæнын*<br>Нымæцон куыд ныхасы хай. Сæ дих сæ нысаниуæг æмæ арæзтмæ гæсгæ. | Нымæцонæй рацыд æрмæгмæ гæсгæ фæрстытæн дзуапп дæттын.<br>Тексты нымæцонтæ агурын, бæрæг сын кæнын сæ хуыз сæ нысаниуæг æмæ арæзтмæ гæсгæ, тасындзæг сæ кæнын.<br>Нымæцонтæ дзырдтæй фыссын. |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | | *Ныхасы рæзт*<br>**Æрдз – нæ алыварс.**<br>Ирыстоны хъæдтæ, бæлæстæ.<br>Сæ хъахъхъæныны мадзæлттæ.<br>Дунейы диссæгтæ.<br>«Ирыстоны хъæдтæ»*.<br>«Александриаг (Фаросаг) маяк»*.<br>Сиукъаты Никъала «Мæй æмæ Хур». | Текст аив кæсын, хи ныхæстæй йæ дзурын, сæргонд ын дæттын.<br>Æмбисæндтæй пайда кæнын.<br>Хъæд хъахъхъæныны проблемæмæ гæсгæ плакат ныв кæнын. |
| **Номивæг** (9 сах.) | | | |
| 28. | Номивджыты нысаниуæг æмæ сæ сæйраг грамматикон æууæлтæ. Номивджыты дих сæ нысаниуæгмæ гæсгæ. | Номивджыты нысаниуæг æмæ сæ сæйраг грамматикон æууæлтæ. Номивджыты дих сæ нысаниуæгмæ гæсгæ. | Номивджыты нысаниуæг, сæ сæйраг грамматикон æууæлтæ æмæ сæ дих сæ нысаниуæгмæ гæсгæ зонын. |
| | | *Фæлхат кæнын*<br>Номивджыты нысаниуæг, цæсгæмттæ. Цæсгомон номивджыты тасындзæг. Нымæцонты хуыз сæ нысаниуæг æмæ арæзтмæ гæсгæ.<br>Вазыгджын дзырдтæ, сæрмагонд номдартæ æмæ номдарты бирæон нымæцы растфыссынад. | Номивæгæй рацыд æрмæгмæ гæсгæ фæрстытæн дзуапп дæттын.<br>Тексты агурын: номивджытæ; дзырдтæ æмæ дзырдбæстытæ схемæтæм гæсгæ; орфограммæтæ.<br>Вазыгджын дзырдтæ, сæрмагонд номдартæ æмæ номдарты бирæон нымæцы растфыссынад æмбарын кæнын. |
| | | *Ныхасы рæзт*<br>**Зæхх – нæ цæрæн.**<br>Ирыстоны горæттæ æмæ хъæуты нæмтты равзæрд (Беслæн, Олгинскæ, Бæтæхъо).<br>«Ирыстоны хъæуты нæмттæ» (Журнал «Ногдзау»-æй). «Мæ хъæу» (Балаты А.) | Текст аив кæсын, сæргонд ын дæттын.<br>Грамматикон хъазты архайын – «Базон хъæуты нæмттæ». |

| | | | |
|---|---|---|---|
| 29. | Цæсгомон номивджытæ. | Цæсгомон номивджытæ иронау æмæ дыгуронау.<br>Цæсгомон номивджыты дыууæ хуызы: æххæст æмæ цыбыр; сæ тасындзæг; цыбыр формæты растфыссынад.<br>Ироны ныхасы этикеты домæнтæ: номивджытæ ды æмæ сымах-æй пайда кæнын. | Цæсгомон номивджытæ иронау æмæ дыгуронау; цæсгомон номивджыты дыууæ хуызы: æххæст æмæ цыбыр; сæ тасындзæг; цыбыр формæты растфыссынад зонын. |
| | | *Фæлхат кæнын*<br>Цæсгомон номивджыты нысаниуæг.<br>Хъуыдыйад уæнгтæм гæсгæ æвзарын. | Номивæгæй рацыд æрмæгмæ гæсгæ фæрстытæн дзуапп дæттын.<br>Хъуыдыйады уæнгтæ хицæн кæнын. |
| | | *Ныхасы рæзт*<br>**Адæймаг æмæ цæрæгой.**<br>Адæймаджы ахаст цæрæгойтæм.<br>«Хорз у бæх» (Айларты Ч.).<br>«Бæх – скифæгтæ æмæ сæрмæтæгтæм»<br>(Журнал «Ногдзау»-æй).<br>«Мæ бæх» (Цæрукъаты А.).<br>«Ирон ныхасы этикеты æгъдæуттæ»*. | Тексты сæйраг хъуыды бæрæг кæнын.<br>Текстæн фарстон хъуыдыйæдтæй пълан фыссын, хи ныхæстæй йæ дзурын.<br>Ныхасы ситуацитæм гæсгæ фæрстытæ дæттын, тæлмац сæ кæнын уырыссаг æмæ фæсарæйнаг æвзæгтæм.<br>Сочинени фыссын бæлвырд темæмæ гæсгæ: «Мæ уарзон цæрæгой».<br>Ирон ныхасы этикеты домæнтæ: номивджытæ ды æмæ сымах-æй пайда кæнын, барын сæ уырыссаг æмæ фæсарæйнаг æвзæгты домæнтимæ. |
| 30. | Здæхгæ номивджытæ. | Здæхгæ номивджытæ иронау æмæ дыгуронау, сæ тасындзæг. | Здæхгæ номивджыты нысаниуæг иронау æмæ дыгуронау, стæй сæ тасындзæг зонын. |
| | | *Фæлхат кæнын*<br>Номивджыты дих сæ нысаниуæгмæ гæсгæ. Сидæн; æрхæцæн нысæнттæ сидæнимæ.<br>Хъуыдыйады синтаксисон æвзæрст. | Номивæгæй рацыд æрмæгмæ гæсгæ фæрстытæн дзуапп дæттын.<br>Æрхæцæн нысæнттæ сидæнимæ æмбарын кæнын.<br>Хъуыдыйад синтаксисон æвзæрст кæнын. |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | | *Ныхасы рæзт*<br>**Цæрæгойты дуне.**<br>Сæ ахадындзинад æмæ хъахъхъæныны мадзæлттæ.<br>«Хæхты фидауц»*.<br>«Дзæбидыр æмæ саг» (Байаты Г.).<br>«Тулдз æмæ хъæз» (Эзоп). | Текст рольтæм гæсгæ кæсын, йæ темæ йын бæрæг кæнын.<br>Текстмæ гæсгæ фæрстытæ фыссын, уыдонмæ гæсгæ диалог аразын.<br>Текст ирон æвзагæй уырыссагмæ тæлмац кæнын.<br>Здæхгæ номивджытæй пайда кæнын. |
| 31. | Амонæн номивджытæ. | Амонæн номивджытæ иронау æмæ дыгуронау, сæ тасындзæг, æмæ растфыссынад. | Амонæн номивджытæ иронау æмæ дыгуронау, сæ тасындзæг æмæ растфыссынад зонын. |
| | | *Фæлхат кæнын*<br>Номивджыты дих сæ нысаниуæгмæ гæсгæ. Цæсгомон номивджыты дыууæ хуызы: æххæст æмæ цыбыр. | Номивæгæй рацыд æрмæгмæ гæсгæ фæрстытæн дзуапп дæттын.<br>Хъуыдыйад синтаксисон æвзæрст кæнын. |
| | | *Ныхасы рæзт*<br>**Мæргъты дуне.**<br>Мæргъты дунейы цымыдисаг хабæрттæ, сæ ахадындзинад æрдзы, сæ хъахъхъæныны мадзæлттæ.<br>«Гоппойцъиу»*.<br>«Цъæх мæга»*.<br>Скъуыддзаг æмдзæвгæйæ «Æз уымæн сарæзтон хæдзар» (Хъодзаты Æ.). | Текстмæ гæсгæ фæрстытæ фыссын, уыдонмæ гæсгæ диалог аразын.<br>Амонæн номивджытæй пайда кæнын дзургæ æмæ фысгæ ныхасы. |
| 32. | Фарстон-ахастон номивджытæ. | Фарстон-ахастон номивджытæ иронау æмæ дыгуронау, сæ тасындзæг. Таурæгъон, фарстон æмæ хъæрон интонаци. | Фарстон-ахастон номивджыты нысаниуæг иронау æмæ дыгуронау, стæй сæ тасындзæг зонын. |
| | | *Фæлхат кæнын*<br>Номивæджы нысаниуæг. | Номивæгæй рацыд æрмæгмæ гæсгæ фæрстытæн дзуапп дæттын. |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | | Номивджыты дих сæ нысаниуæгмæ гæсгæ.<br>Дзырды æвзæрст хæйттæм гæсгæ.<br>Вазыгджын хъуыдыйад. | Дзырд хæйттæм гæсгæ æвзарын.<br>Вазыгджын хъуыдыйады арæзт зонын. |
| | | *Ныхасы рæзт*<br>**Ӕрдз æмæ адæймаг.**<br>Адæймаджы ахаст цæрæгойтæм.<br>Фæллой кæныныл ахуыр кæнын.<br>Удварны миниуджытæ: хæрзгæнæг.<br>«Ӕрдзы хæлæрттæ» I хай.<br>(Чеджемты Г.).<br>«Ӕцæг адæймаг»*.<br>«Хæрзгæнæджы æмбисонд»(Журнал «Мах дуг»-æй). | Текст рольтæм гæсгæ кæсын.<br>Фæрстытæм гæсгæ диалог аразын.<br>Фарстон-ахастон номивджытæй пайда кæнын дзургæ æмæ фысгæ ныхасы.<br>Диалог йæ райдайæнмæ гæсгæ дарддæр хæццæ кæнын.<br>Хъуыдыйæдтæ интонацийы домæнтæм гæсгæ (таурæгъон, фарстон, хъæрон) дзурын æмæ кæсын. |
| 33. | Бæлвырд номивджытæ. | Бæлвырд номивджытæ иронау æмæ дыгуронау, сæ нысаниуæг æмæ тасындзæг. | Бæлвырд номивджыты нысаниуæг иронау æмæ дыгуронау, стæй сæ тасындзæг зонын. |
| | | Фæлхат кæнын<br>Здæхгæ, амонæн æмæ фарстон-ахастон номивджытæ. | Номивæгæй рацыд æрмæгмæ гæсгæ фæрстытæн дзуапп дæттын. |
| | | *Ныхасы рæзт*<br>**Ӕрдз æмæ адæймаг.**<br>Адæймаджы ахаст цæрæгойтæм.<br>«Ӕрдзы хæлæрттæ»<br>II хай (Чеджемты Г.). | Текст аив кæсын, йæ сæйраг хъуыды йын бæрæг кæнын.<br>Текстмæ гæсгæ фæрстытæ фыссын, уыдонмæ гæсгæ диалог аразын.<br>Тексты хъуыдымæ гæсгæ æмбисонд æвзарын.<br>Бæлвырд номивджытæй пайда кæнын дзургæ æмæ фысгæ ныхасы.<br>Сканворд æххæст кæнын. |
| 34. | Ӕбæлвырд номивджытæ. | Ӕбæлвырд номивджытæ иронау æмæ дыгуронау, сæ нысаниуæг, тасындзæг æмæ растфыссынад. | Ӕбæлвырд номивджыты нысаниуæг иронау æмæ дыгуронау, стæй сæ тасындзæг æмæ растфыссынад зонын. |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | | *Фæлхат кæнын*<br>Номивджыты дих сæ нысаниуæгмæ гæсгæ.<br>Здæхгæ, амонæн, фарстон-ахастон æмæ бæлвырд номивджытæ.<br>Вазыгджын дзырдтæ. Хъуыдыйады синтаксисон æвзæрст. | Номивæгæй рацыд æрмæгмæ гæсгæ фæрстытæн дзуапп дæттын.<br>Вазыгджын дзырдты арæзт бæрæг кæнын.<br>Хъуыдыйад синтаксисон æвзæрст кæнын. |
| | | *Ныхасы рæзт*<br>**Мæргъты дуне.**<br>Мæргъты дунейы цымыдисаг хабæрттæ, сæ ахадындзинад æрдзы, сæ хъахъхъæныны мадзæлттæ.<br>«Къуырмагарк»*.<br>«Поликсен»*. | Текст аив кæсын, хи ныхæстæй дзурын.<br>Æбæлвырд номивджытæй пайда кæнын дзургæ æмæ фысгæ ныхасы.<br>Текст ирон æвзагæй уырыссагмæ тæлмац кæнын.<br>Цыбыр дзырдбыд райхалын. |
| 35. | Æппæрццæг номивджытæ. | Æппæрццæг номивджытæ иронау æмæ дыгуронау, сæ нысаниуæг, тасындзæг æмæ растфыссынад.<br>Номивæджы морфологион æвзæрст. | Æппæрццæг номивджыты нысаниуæг иронау æмæ дыгуронау, стæй сæ тасындзæг æмæ растфыссынад зонын.<br>Номивæг морфологион æгъдауæй æвзарын. |
| | | *Фæлхат кæнын*<br>Номивджыты нысаниуæг æмæ сæ сæйраг грамматикон æууæлтæ.<br>Номивджыты дих сæ нысаниуæгмæ гæсгæ; сæ растфыссынад.<br>Орфограммæ: мырты æмхуызонад. | Номивæгæй рацыд æрмæгмæ гæсгæ контролон фæрстытæн дзуапп дæттын.<br>Тексты дзырдбæстытæ агурын схемæтæм гæсгæ.<br>Орфограммæ – мырты æмхуызонад æмбарын кæнын. |
| | | *Ныхасы рæзт*<br>**Мæргъты дуне.**<br>Мæргъты дунейы цымыдисаг хабæрттæ.<br>«Халон» (Журнал «Ногдзау»-æй). | Текст аив кæсын.<br>Текстмæ гæсгæ фæрстытæ фыссын, уыдонмæ гæсгæ диалог аразын.<br>Æппæрццæг номивджытæй пайда кæнын дзургæ æмæ фысгæ ныхасы.<br>Цардыуаджы ныхæстæ зонын æмæ сæ пайда кæнын. |

| | | | |
|---|---|---|---|
| 36. | Контролон куыст | | |
| | | **Мивдисæг** (11 сах.) | |
| 37. | Хуымæтæг æмæ вазыгджын мивдисджытæ. | Хуымæтæг æмæ вазыгджын мивдисджыты арæзт.<br>Вазыгджын мивдисджыты растфыссынад. | Хуымæтæг æмæ вазыгджын мивдисджыты арæзт, стæй вазыгджын мивдисджыты растфыссынад зонын. |
| | | *Фæлхат кæнын*<br>Мивдисæджы нысаниуæг, йæ афонтæ, нымæцтæ, цæсгæмттæ æмæ синтаксисон функци. Мивдисæг *уын*-ы ифтындзæг. Орфограммæтæ: мырты æмхуызонад; вазыгджын дзырдты растфыссынад. | Мивдисæгæй рацыд æрмæгмæ гæсгæ фæрстытæн дзуапп дæттын.<br>Мивдисæг уын ифтындзæг кæнын.<br>Æмбарын кæнын орфограммæтæ: мырты æмхуызонад; вазыгджын дзырдты растфыссынад. |
| | | *Ныхасы рæзт*<br>**Зайæгойты дуне.**<br>Хъæд æмæ зайæгойты ахадындзинад, сæ хъахъхъæныны мадзæлттæ.<br>«Саугъæд» (Хъайтыхъты А.).<br>«Гæдыбæлас»<br>(Журнал «Ногдзау»-æй). | Текст рольтæм гæсгæ кæсын, йæ сæйраг хъуыды йын бæрæг кæнын.<br>Хуымæтæг æмæ вазыгджын мивдисджытæй дзургæ æмæ фысгæ ныхасы пайда кæнын.<br>Тексты темæмæ гæсгæ энциклопедийæ пайда кæнын. |
| 38. | Хуымæтæг æмæ вазыгджын мивдисджытæ. | Хуымæтæг æмæ вазыгджын мивдисджыты арæзт. Вазыгджын мивдисджыты растфыссынад. | Хуымæтæг æмæ вазыгджын мивдисджыты арæзт, стæй вазыгджын мивдисджыты растфыссынад зонын. |
| | | *Фæлхат кæнын*<br>Мивдисæджы нысаниуæг, йæ афонтæ, нымæцтæ, цæсгæмттæ æмæ синтаксисон функци. Вазыгджын дзырдты арæзт. Орфограммæтæ: вазыгджын мивдисджытæ æмæ номдарты бирæон нымæцы | Тексты агурын мивдисджытæ, къордтыл (хуымæтæг, вазыгджын) сæ дих кæнын.<br>Вазыгджын дзырдты арæзт бæрæг кæнын.<br>Æмбарын кæнын орфограммæтæ: вазыгджын мивдисджытæ, стæй номдарты бирæон нымæцы растфыссынад; мырты æмхуызонад; дæргъвæтин æмхъæлæсонтæ.<br>Хъуыдыйад синтаксисон æвзæрст кæнын. |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | | растфыссынад; мырты æмхуызонад; дæргъвæтин æмхъæлæсонтæ.<br>Хъуыдыйады синтаксисон æвзæрст. | |
| | | *Ныхасы рæзт*<br>**Зайæгойты дуне.**<br>Хъæд æмæ зайæгойты ахадындзинад, сæ хъахъхъæныны мадзæлттæ. «Кæркмисындзæг», «Хъæды фидыц», «Хуырхæг», «Цай æмæ Китай»*. | Текст аив кæсын, йæ сæйраг хъуыды йын бæрæг кæнын, хи ныхæстæй йæ дзурын.<br>Текстмæ гæсгæ фæрстытæн дзуæппытæ фыссын.<br>Хуымæтæг æмæ вазыгджын мивдисджытæй пайда кæнын дзургæ æмæ фысгæ ныхасы.<br>Доклад презентациимæ цæттæ кæнын. |
| 39. | Мивдисæджы æбæлвырд формæ. | Мивдисæджы æбæлвырд формæйы арæзт: фæсæфтуантæ *-æн* æмæ *-ын*-имæ. Мивдисæджы æбæлвырд формæ фæсæфтуан *-ын*-имæ, йæ тасындзæг æмæ ивынад нымæцтæм гæсгæ. | Мивдисæджы æбæлвырд формæйы арæзт фæсæфтуантæ *-æн* æмæ *-ын*-имæ; мивдисæджы æбæлвырд формæ фæсæфтуан – *ын*-имæ, йæ тасындзæг æмæ ивынад нымæцтæм гæсгæ зонын.<br>Мивдисджыты бындуртæй фæсæфтуанты руаджы æбæлвырд формæ аразын. |
| | | *Фæлхат кæнын*<br>Хуымæтæг æмæ вазыгджын мивдисджытæ. Вазыгджын дзырдты арæзт. Орфограммæтæ: вазыгджын дзырдты растфыссынад; мырты æмхуызонад. | Мивдисæгæй рацыд æрмæгмæ гæсгæ фæрстытæн дзуапп дæттын.<br>Æмбарын кæнын орфограммæтæ: вазыгджын дзырдты растфыссынад; мырты æмхуызонад.<br>Хуымæтæг æмæ вазыгджын мивдисджытæй пайда кæнын дзургæ æмæ фысгæ ныхасы. |
| | | *Ныхасы рæзт*<br>**8-æм мартъи – Сылгоймæгты æппæтдунеон бон.**<br>Ныхасы культурæйы домæнтæ. Бæрæгбоны арфæтæ. Ирыстоны зындгонд сылгоймæгтæ. «Бæсты фидауц – сылгоймаг» (Цæгæраты М.) «Бæрæгбоны арфæтæ»*. | Текст аив кæсын, йæ темæ æмæ сæйраг хъуыды бæрæг кæнын.<br>Диалог рольтæм гæсгæ кæсын.<br>Æмбисæндты хъуыды æмбарын кæнын.<br>Мивдисæджы æбæлвырд формæйæ пайда кæнын дзургæ æмæ фысгæ ныхасы (арфæтæ; сочинени «Мæ мад»). |

| | | | |
|---|---|---|---|
| 40. | Мивдисджыты разæфтуантæ. | Мивдисджыты разæфтуанты нысаниуджытæ. Мивдисджыты растфыссынад разæфтуантимæ *а-, ра-, ба-, æрба-, ны-* хъæлæсон *æ*-йæ райдайгæ мивдисджытимæ. | Мивдисджыты разæфтуанты нысаниуджытæ, стæй мивдисджыты растфыссынад разæфтуантимæ зонын. |
| | | *Фæлхат кæнын*<br>Хуымæтæг æмæ вазыгджын мивдисджытæ.<br>Мивдисæджы æбæлвырд формæ. Дзырдбаст, сæйраг æмæ дæлбар дзырдтæ. Фразеологион дзырдбæстытæ. Орфограммæтæ: номдартæ бирæон нымæцы æмæ вазыгджын дзырдты растфыссынад; мырты æмхуызонад. | Дзырдбæстыты сæйраг æмæ дæлбар дзырдтæ иртасын.<br>Мивдисджытæм фæрстытæ дæттын.<br>Орфограммæтæ æмбарын кæнын: номдарты растфыссынад бирæон нымæцы; вазыгджын дзырдты растфыссынад; мырты æмхуызонад. |
| | | *Ныхасы рæзт*<br>**Мад – арфæйаг ном.**<br>Ирыстоны зындгонд сылгоймæгтæ – Задæлескы Нана. Ныййарæг мадæн аргъ æмæ кад кæнын.<br>«Хъахъхъæнæм ныййарæджы!» (Тыджыты Ю.) «Задæлескы Нана»* «Рагуалдзæг» (Плиты Х.). | Къæлæтты ист мивдисджытæ æмбæлгæ формæты æвæрын, афтæмæй текст аив кæсын.<br>Текстмæ гæсгæ фæрстытæ фыссын æмæ сын дзуапп дæттын.<br>Фразеологион дзырдбæстыты нысаниуджытæ æмбарын кæнын.<br>Хъуыдыйæдтæ текстмæ гæсгæ æххæст кæнын.<br>Дзырдбæстытæ аразын. |
| 41. | Мивдисджыты разæфтуантæ. | Мивдисджыты разæфтуанты нысаниуджытæ.<br>Мивдисджыты растфыссынад разæфтуантимæ *а-, ра-, ба-, æрба-, ны-*, раздæр сæ райдайæны хъæлæсон мыр кæмæн уыди, ахæм мивдисджытимæ. | Мивдисджыты растфыссынад разæфтуантимæ (орфограммæтæ) æмбарын кæнын. |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | | Дзырдтæ исын, ивазын, ивæзын-ы растфыссынад разæфтуантимæ *а-, ра-, ба-, æрба-*. Разæфтуан *ны*-йы растфыссынад. | |
| | | *Фæлхат кæнын*<br>Мивдисæджы цæсгæмттæ, нымæцтæ æмæ афонтæ. Хуымæтæг æмæ вазыгджын мивдисджытæ. Мивдисджыты растфыссынад разæфтуантимæ. | Мивдисæгæй рацыд æрмæгмæ гæсгæ фæрстытæн дзуапп дæттын.<br>Мивдисджытæм фæрстытæ дæттын; бæрæг сын кæнын сæ нымæц, цæсгом, афон; сæ арæзтмæ гæсгæ сæ къордтыл дих кæнын.<br>Мивдисджыты растфыссынадæй цы орфограммæтæ сахуыр кодтой, уыдон æмбарын кæнын. |
| | | *Ныхасы рæзт*<br>**Дунейы диссæгтæ.**<br>Дунейы зындгонддæр фонтантæ. Сæ истори æмæ ахадындзинад. «Фонтантæ»*. | Текст аив кæсын, хи хъуыдытæ дзурын.<br>Схемæтæм гæсгæ дзырдбæстытæ аразын.<br>Проектон куысты архайын – «Дзæуджыхъæуы фонтантæ». |
| 42. | Мивдисджыты разæфтуантæ. | Мивдисджыты разæфтуантæ. Мивдисджыты растфыссынад разæфтуантимæ *æр-, с-, фæ-*. | Мивдисджыты растфыссынад разæфтуантимæ *æр-, с-, фæ-* зонын. |
| | | *Фæлхат кæнын*<br>Мивдисджыты разæфтуантæ. Хуымæтæг æмæ вазыгджын мивдисджытæ. Контекстуалон синонимтæ. | Тексты мивдисджытæ агурын, сæ арæзт сын бæрæг кæнын, фæрстытæ сæм дæттын.<br>Мивдисджытæм разæфтуантæ æфтауын, сæ растфыссынад сын æмбарын кæнын. |
| | | *Ныхасы рæзт*<br>**Зайæгойты дуне.**<br>Хъæд æмæ зайæгойты ахадындзинад, сæ хъахъхъæныны мадзæлттæ. «Нæ хъæумæ хæстæг …» (Дзасохты М.) «Дзындзалæг»* | Текст аив кæсын, хи ныхæстæй йæ дзурын, сæргонд ын дæттын. Текстмæ гæсгæ фæрстытæ фыссын æмæ уыдонмæ гæсгæ диалог аразын.<br>Мивдисджытæй пайда кæнын дзургæ æмæ фысгæ ныхасы.<br>Хъуыддаджы гæххæттытæ (хъусынгæнинаг, курдиат, бадзырд.а.д.) фыссын. |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | | «Диссаджы бæлас» (Журнал «Ногдзау»-æй). | Дзырдтæм контекстуалон синонимтæ агурын. |
| 43. | Контролон куыст | | |
| 44. | Мивдисæджы хуызтæ (æххæст / æнæххæст). | Мивдисæджы дыууæ хуызы: æххæст/æнæххæст; æххæст хуызы арæзт. | Мивдисæджы дыууæ хуызы: æххæст/æнæххæст; æххæст хуызы арæзт зонын. |
| | | *Фæлхат кæнын*<br>Мивдисджыты цæсгæмттæ, нымæцтæ, афонтæ, сæ растфыссынад разæфтуантимæ. | Бæрæг кæнын мивдисджыты хуыз, афон, цæсгом, нымæц; æмбарын сын кæнын сæ растфыссынад разæфтуантимæ.<br>Тексты мивдисджытæ агурын, бæрæг сын кæнын сæ хуыз (æххæст/æнæххæст), стæй сæ растфыссынад. |
| | | *Ныхасы рæзт*<br>**Ӕрдз – нæ алыварс.**<br>Адæймаджы ахаст æрдзмæ.<br>«Ӕрдзон къуым» (Баситы М.).<br>«Маргъы кадæг» (Мыртазты Б.). | Текст аив кæсын, йæ сæйраг хъуыды йын бæрæг кæнын.<br>Тексттæ сæ арæзтмæ гæсгæ (цы? цавæр?/кæм? цы?) кæрæдзиимæ барын. |
| 45. | Мивдисæджы здæхæнтæ. | Мивдисæджы здæхæнтæ: æргомон, бадзырдон, фæдзæхстон, бæллиццаг. | Мивдисæджы здæхæнтæ зонын. |
| | | *Фæлхат кæнын*<br>Мивдисæджы ифтындзæг.<br>Мивдисджыты цæсгæмттæ, нымæцтæ, афонтæ; сæ растфыссынад разæфтуантимæ. | Мивдисджытæ ифтындзæг кæнын.<br>Бæрæг кæнын мивдисджыты цæсгæмттæ, нымæцтæ, афонтæ; сæ растфыссынад разæфтуантимæ æмбарын кæнын. |
| | | *Ныхасы рæзт*<br>**Ирыстоны цæугæдæттæ.**<br>Цæугæдæтты сыгъдæгдзинад хъахъхъæныны мадзæлттæ.<br>Хорздзинад нæ сæфы. «Терк»*.<br>«Мæлдзыг æмæ бæлон» (Эзоп). | Дзырдтæм синонимтæ агурын.<br>Текст аив кæсын, йæ сæйраг хъуыды йын бæрæг кæнын. |

| | | | |
|---|---|---|---|
| 46. | Мивдисæджы ифтындзæг фæдзæхстон здæхæны. | Мивдисæджы ифтындзæг фæдзæхстон здæхæны. | Мивдисæджы нысаниуæг фæдзæхстон здæхæны зонын, ифтындзæг æй кæнын. |
| | | *Фæлхат кæнын*<br>Мивдисджыты цæсгæмттæ, нымæцтæ, афонтæ; сæ растфыссынад разæфтуантимæ. | Бæрæг кæнын мивдисджыты цæсгæмттæ, нымæцтæ, афонтæ; сæ растфыссынад разæфтуантимæ æмбарын кæнын. |
| | | *Ныхасы рæзт*<br>**Ирыстоны цæугæдæттæ.**<br>Ирыстоны цæугæдæттæ.<br>Æрæф. Цæугæдæтты сыгъдæгдзинад хъахъхъæныны мадзæлттæ.<br>Этикетон диалоджы домæнтæ.<br>Мамсыраты Дæбе.<br>«Æрæфы былтыл»<br>Ситохаты Саламджери,<br>Бырнацты Барон, Хæмыцаты Юри.<br>Цыппаррæнхъонтæ. | Дзырдбæстытæ аразын.<br>Текст аив кæсын, йæ сæйраг хъуыды йын бæрæг кæнын.<br>Тексты хуыз (æрфыст (описание), таурæгъ (повествование), тæрхон (рассуждение) бæрæг кæнын.<br>Цыбыр радзырд фыссын бæлвырд темæмæ гæсгæ (цæугæдоны тыххæй).<br>Этикетон диалоджы домæнтæ æххæст кæнын, афтæмæй ныхасы ситуациты архайын.<br>Хъуыдыйæдтæ ирон æвзагæй уырыссаг æмæ фæсарæйнаг æвзæгтæм тæлмац кæнын. |
| 47. | Мивдисæджы ифтындзæг фæдзæхстон здæхæны. | Мивдисæджы ифтындзæг фæдзæхстон здæхæны.<br>Мивдисæджы морфологион æвзæрст. | Мивдисæджы нысаниуæг фæдзæхстон здæхæны зонын, ифтындзæг æй кæнын.<br>Мивдисæг морфологион æвзæрст кæнын. |
| | | *Фæлхат кæнын*<br>Мивдисджыты цæсгæмттæ, нымæц, афонтæ, сæ тасындзæг фæдзæхстон здæхæны, сæ растфыссынад разæфтуантимæ.<br>Вазыгджын дзырдтæ. | Мивдисæгæй рацыд æрмæгмæ гæсгæ контролон фæрстытæн дзуапп дæттын.<br>Бæрæг кæнын мивдисджыты цæсгæмттæ, нымæцтæ, афонтæ; сæ растфыссынад разæфтуантимæ.<br>Вазыгджын дзырдты арæзт æмбарын кæнын. |
| | | *Ныхасы рæзт*<br>**Афæдзы афонтæ.** | Урочы эпиграфмæ гæсгæ сочинени-миниатюрæ фыссын.<br>Текст аив кæсын, авторы æнкъарæнтыл дзурын. |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | | Уалдзæг.<br>Æрдзы рæсугъддзинадæн аргъ кæнын.<br>Плиты Харитон «Ард»<br>Калоты Петр. «Уалдзæджы фидыц»<br>Баситы Мысост. «Дидинæг сабимæ ысхудти». | Мивдисджытæй пайда кæнын дзургæ æмæ фысгæ ныхасы. |
| **Афæдзы дæргъы рацыд æрмæг фæлхат кæнын** (4 сах.) | | | |
| 48. | Лексикæ æмæ фразеологи. | Лексикæ æмæ фразеологи. | Иронæвзаджы лексикæйы дих, стæй фразеологион дзырдбæстыты нысаниуæг æмæ арæзт зонын. |
| | | *Фæлхат кæнын*<br>Дзырды лексикон нысаниуæг.<br>Ирон æвзаджы лексикæйы дих.<br>Фразеологион дзырдбæстытæ.<br>Æрбайсгæ дзырдты растфыссынад. | Ирон æвзаджы лексикæ æмæ фразеологийæ рацыд æрмæгмæ гæсгæ фæрстытæн дзуапп дæттын.<br>Тексты агурын дзырдты алы къордтæ: синонимтæ, неологизмтæ, диалектизмтæ æ.а.д.<br>Фразеологион дзырдбæстытæм синонимтæ æвзарын.<br>Æрбайсгæ дзырдты растфыссынад æмбарын кæнын.<br>Дзырдбæстытæ уырыссаг æвзагæй иронмæ тæлмац кæнын. |
| | | *Ныхасы рæзт*<br>**Ирон æвзаджы бон.**<br>Ирон æвзаджы бæрæгбоны ахадындзинад. Ахуыргæнæгæн кад кæнын. Гасанты Валери. «Мысинаг ном» (Баситы Чабæхан). | Текст аив кæсын, сæргонд ын дæттын, йæ темæ æмæ сæйраг хъуыды бæрæг кæнын, пълан ын фыссын.<br>Дзырдты лексикон нысаниуджытæ æмбарын кæнын.<br>Схемæтæм гæсгæ дзырдбæстытæ аразын. |
| 49. | Дзырдарæзт. Номдар. Миногон. | Дзырдарæзты мадзæлттæ.<br>Номдар. Миногон. | Ирон æвзаджы дзырдарæзт, стæй номдар æмæ миногоны дзырдарæзты мадзæлттæ зонын. |
| | | *Фæлхат кæнын*<br>Дзырдарæзты сæйраг æмбарынæдтæ. Номдартæ æмæ минонгонты дзырдарæзт, сæ морфологион æвзæрст. | Ирон æвзаджы дзырдарæзт, стæй номдар æмæ миногонæй рацыд æрмæгмæ гæсгæ фæрстытæн дзуапп дæттын.<br>Дæнцæгтæм гæсгæ номдар æмæ миногоны дзырдарæзты мадзæлттыл дзурын.<br>Вазыгджын дзырдтæ æмæ миногонты растфыссынад |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | | Орфограммæтæ: вазыгджын дзырдтæ, стæй миногонты растфыссынад разæфтуантимæ.<br>Дзырдарæзтон æмæ морфемон æвзæрст. | разæфтуантимæ æмбарын кæнын.<br>Дзырдарæзтон æмæ морфемон æвзæрст кæнын.<br>Тексты схемæтæм гæсгæ дзырдтæ агурын. Номдар æмæ миногон морфологион æгъдауæй æвзарын.<br>Æмбарын кæнын вазыгджын дзырдтæ, стæй миногонты растфыссынад разæфтуантимæ. |
| | | *Ныхасы рæзт*<br>**Фыдыбæстæйы Стыр хæст.**<br>Не ’мзæххон хъæбатыртæ – Бирæгъты фондз æфсымæры, Дзотты Лазæр.<br>«Зынгхуыст хæстонтæ»*<br>«Æнæмæлгæ ном»*<br>«Цыртыл фыст» (Пухаты А.). | Тексты темæ æмæ сæйраг хъуыды бæрæг кæнын, пълан ын фыссын, хи ныхæстæй йæ дзурын.<br>Доклад презентациимæцæттæ кæнын. |
| 50. | Нымæцон.<br>Номивæг.<br>Мивдисæг. | Нымæцон.<br>Номивæг. Мивдисæг. | Нымæцон, номивæг æмæ мивдисæгæй рацыд æрмæгмæ гæсгæ фæрстытæн дзуапп дæттын. |
| | | *Фæлхат кæнын*<br>Нымæцонты дих сæ нысаниуæг æмæ арæзтмæ гæсгæ, сæ тасындзæг.<br>Ирон нымады хуызтæ: дæсгæйттæ æмæ ссæдзгæйттæй.<br>Номивджыты дих сæ нысаниуæгмæ гæсгæ. Мивдисæджы цæсгæмттæ, нымæцтæ æмæ афонтæ; æбæлвырд формæ. Хуымæтæг æмæ вазыгджын, æххæст æмæ æнæххæст мивдисджытæ. Нымæцонтæ, номивджытæ æмæ мивдисджыты растфыссынад, сæ морфологион æвзæрст. | Контролон хæслæвæрдтæ (тестытæм гæсгæ) æххæст кæнын. |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | | *Ныхасы рæзт*<br>**Уæлахизы бон.** Фыдыбæстæйы Стыр хæсты уæлахизы ахадындзинад. Не ’мзæххон хъæбатыртæ – Плиты Иссæ. «Хъæбатыр Иссæ»*. | Текст аив кæсын, фæрстытæн дзуапп дæттын.<br>Текст йæ райдайæнмæ гæсгæ кæронмæ хæццæ кæнын. |
| 51. | Контролон куыст | | |



**Сæйраг домæнтæ 6-æм къласы скъоладзауты зонындзинæдтæ æмæ арæхстдзинæдтæм**

***Скъоладзаутæ хъуамæ зоной:***

- 6-æм къласы ирон æвзаджы грамматикæйæ цы темæтæ сахуыр кодтой, уыдонæн сæ сæйрагдæрты раиртæстытæ;
- ирон æвзаджы лексикæйы дих: æппæтадæмон дзырдтæ, быдурон ирон дзырдтæ æмæ æндæр æвзæгтæй æрбайсгæ дзырдтæ æ. æнд;
- дзырдарæзты сæйраг мадзæлттæ;
- номдартæ æмæ миногонты дзырдарæзт;
- вазыгджын дзырдтæ æмæ цыбыргонд вазыгджын дзырдты растфыссынад;
- ирон нымады хуызтæ;
- нымæцонты дих сæ арæзтмæ æмæ сæ нысаниуæгмæ гæсгæ, сæ тасындзæг;
- номивджыты дих сæ нысаниуæгмæ æмæ сæ амындмæ гæсгæ, сæ тасындзæг;
- хуымæтæг æмæ вазыгджын мивдисджыты арæзт;
- мивдисæджы æбæлвырд формæ;
- мивдисæджы разæфтуантæ;
- мивдисджыты здæхæнтæ (иумæйаг æмбарынад); фæдзæхстон здæхæн;
- ирон æмæ дыгурон диалектты иуæй-иу грамматикон хицæндзинæдтæ;
- рацыд ныхасы хæйтты растфыссынад;
- ныхасы хæйтты синтаксисон хæстæ.

***Скъоладзаутæ хъуамæ арæхсой:***

- дзырдтæ æмæ фразеологизмты алы хуызтæй пайда кæнынмæ;
- дзырдты орфограммæтæ агурын æмæ æмбарын кæнынмæ;
- цы орфограммæтæ сахуыр кодтой, уыдон зæрдыл даргæйæ, æнæ рæдыдæй дзырдуатон æмæ контролон диктанттæ, сочиненитæ æмæ изложенитæ фыссынмæ;

- текстæй (ныхасæй) хатдзæгтæ кæнынмæ;
- вазыгджын æмæ цыбыргонд вазыгджын дзырдтæ аразынмæ;
- дзырдтæ фонетикон, морфемон æмæ дзырдарæзтон æвзæрст кæнынмæ;
- рацыд ныхасы хæйттæ морфологион æвзæрст кæнынмæ;
- ирон нымады хуызтæй пайда кæнынмæ;
- нымæцонтæ æмæ номивджытæ тасындзæг кæнынмæ;
- мивдисджытæ фæдзæхстон здæхæны ифтындзæг кæнынмæ;
- мивдисæджы нырыккон афоны формæйæ ивгъуыд æмæ суинаг афонты бæсты пайда кæнынмæ;
- рацыд ныхасы хæйтты синтаксисон хæстæ бæрæг кæнынмæ;
- дзырдбæстытæ, хъуыдыйæдтæ, текстæ аразынмæ;
- диалоджы архайынмæ;
- текст йæ райдайæнмæ гæсгæ кæронмæ хæццæ кæнынмæ;
- текстæн йæ темæ æмæ йæ сæйраг хъуыды бæрæг кæнынмæ;
- тексты аивадон-нывгæнæн мадзæлттæ агурынмæ æмæ сæ пайда кæнынмæ;
- текст абзацтыл дих кæнынмæ;
- текстæн пълан аразынмæ;
- текст хи ныхæстæй дзурынмæ;
- докладтæ, рефераттæ æмæ цыбыр хъусынгæнинæгтæ цæттæ кæнынмæ;
- цыбыр текстæ ирон æвзагæй уырыссагмæ тæлмац кæнынмæ;
- алыхуызон грамматикон хъæзтыты архайынмæ;
- æрхæцæн нысæнттæ раст æвæрынмæ æмæ сæ æмбарын кæнынмæ;
- дзырдуæттæй пайда кæнынмæ.